ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№72 (24.822) ● 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ

Къэрал гулъытэ зыгъуэтахэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысейм и махуэм и щІыхькІэ къызэрагъэпэща зэхыхьэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къэрал дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжащ ахэр зыхуагъэфэщахэм. ЗэІущІэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пэшышхуэм.

- Си гум къыбгъэдэкІыу фэри Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сынывохъуэхъу Урысейм и махуэмкІэ. Мы махуэм дэ догъэлъапІэ ди Хэкур – илъэс мин тхыдэрэ щІэин къулейрэ зиІэ, лъэпкъ куэд дыдэ зэкъуэзыгъэува, абыхэм я щэнхабзэхэр зи щІыналъэшхуэм щызыгъэбэгъуа къэралыр. И махуэшхуэм Урысейр ІуощІэ и цІыхубэр зэкъуэту, къэрал лъэрызехьэу. Дэнэ щІыпІэ къыщалъхуами къыщыхъуами Урысейр псоми ди зэхуэдэ адэжь Хэкущ. Псори дыурысей цІыхубэщ.

Дэ дяпэ итахэм къытхалъхьащ Урысейм хуэдэ къэралыр лъэщу фІэкІа щыт зэрымыхъуну гупсысэр. Ди къэралым и лъэщагъыр нобэ къагъэлъагъуэ абы и цІыхухэм. Урысейм и махуэшхуэр гъэлъэпІэным пыщІа хъуа хабзэхэм ящыщщ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал дамыгъэ лъапІэхэр зи лІыхъужьыгъэкІэ къэзыхьахэм, я лэжьыгъэм къыщагъэлъэгъуа ехъулІэныгъэхэмкІэ Хэкум и беягъымрэ лъэщагъымрэ зыгъэбагъуэхэм етыжыныр.

Республикэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэр гъэлъэпІэныр – ар абыхэм я зэчиймрэ я ехъулІэныгъэхэмрэ цІыхубэм къызэралъытэм и щыхьэтщ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и УказкІэ цІыхубэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэм щхьэкІэ «Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр къыхуагъэфэщащ усакІуэ Зумакуловэ Танзиля Мустэфа и пхъум, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Абы и ІэдакъэщІэкІхэр гъэнщІащ цІыхум, къэралым, адэжь щІыналъэм яхуиІэ лъагъуныгъэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я хъугъуэфІыгъуэхэм щыщ Іыхьэ хъуащ ахэр икІи ди дежи хамэ хэкухэми пщІэшхуэ щагъуэтащ. Си гум къыбгъэдэкІыу сынохъуэхъу, Танзиля Мустэфа ипхъу, уи зэфІэкІхэр зэрылъагэр къэралым къызэрилъытамкІэ».

Апхуэдэуи КІуэкІуэ Казбек и псалъэм къыхигъэщащ дзэм къулыкъу щызыщІэхэм, мы зэманым дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэм я къыщхьэщыжакІуэхэм, Урысейм и шынагъуэншагъэр зыхъумэхэм, абыхэм ядэІэпыкъуэхэм ящыщ гупышхуэми къэрал гулъытэ зэрагъуэтар.

«Дэ дрогушхуэ ди зауэлІхэм икІи дыпоплъэ ахэр икІэщІыпІэкІэ я жьэгу пащхьэхэм къекІуэлІэжыным. Ди республикэм жыджэру деІыгъ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, абыхэм я унагъуэхэм, я Іыхьлыхэм защІегъакъуэ. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ къэрал, псапащІэ фондхэм, езыхэм яфІэфІу щІэгъэкъуэн хъу, волонтер зэгухьэныгъэхэм, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. - Урысейм и Президентым и УказкІэ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 2-нэ нагъыщэм и медалкІэ ягъэлъэпІащ «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Дадэ МуІэед Алий и къуэмрэ ди хэкуэгъухэр дэІыгъыным хуэгъэпса волонтер зэгухьэныгъэу «Зы лъэбакъуэкІи дыкъикІуэтынкъым» щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Байсиев Темыржан Мыхьэмэт и къуэмрэ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр хуагъэфэщащ «Фэеплъыр щІэину къытхуонэж» жылагъуэ зэгухьэныгъэм дыщалъхуа хэкур джынымкІэ и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Котляровэ Марие Абрам и пхъум. Дэ пщІэшхуи фІыщІи яхудощІ къэралым и дежкІэ мытыншу щыт мы лъэхъэнэм жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэту ди цІыхубэ лъапІэныгъэхэр хъумэным, жылагъуэ, цІыхубэ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным егугъухэм, зи зэфІэкІ абы хэзылъхьэ псоми».

Дамыгъэ лъапІэхэр зратыжахэм яхэтщ узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, экономикэ, мэкъумэш, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми пэрытхэр. «Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу», - жаІэ. А махуэм ягъэлъэпІахэм я ІэнатІэхэм нэхъри егугъуу пэрытыну, тегушхуауэ лъагапІэщІэхэм нэсыну гурылъ зэращІам шэч къытумыхьэми хъунущ.

- ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъухэ! Фи гъащІэр, къыхэфха ІэщІагъэм фызэрыхуэпэжыр щапхъэ дахэщ, Іуэхушхуэхэм утезыгъэгушхуэщ. Республикэмрэ къэралымрэ папщІэ зэфІэвгъэкІ ІуэхуфІхэм папщІэ фІыщІэ фхузощІ. Сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым, фэ фхуэдэ цІыху щыпкъэхэр къытхэтмэ, гуп зэкъуэту дызэдэлажьэмэ, дэ сыт хуэдэ гугъуехьхэми дазэрыпэлъэщынум, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрри ди Хэкури нэхъри ефІэкІуэн папщІэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэрызэдгъэхъулІэфынум, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм хэтхэм защыхуигъазэм.

Фокіадэм и 12-м Бабугент щыІа «Зарница 2.0» дзэ-хэкупсэ джэгу зэпеуэм щыщу щІыналъэм щекІуэкІ Іыхьэр къыщызэІуахa дауэдапщэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ.

Джэгу зэпеуэр къагъэщІэрэщІэж

УФ-м и Президент Путин Владимир нэхъ пасэу жэрдэм къыхилъхьауэ щытащ «Зарница» джэгур илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу, 70-80 гъэхэм зэрыщытам хуэдэу, абы щІалэгъуалэр драгъэхьэхыжыну. Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ зэгъусэу зыхэт а джэгукІэм хахуагъэм, зэманымрэ къарумрэ зэбгъэдэхуэфу упсэуным, хэкупсэу ущытыным ухуегъасэ.

«Зарница 2.0» джэгу зэпеуэр Урысейм и махуэм зэредгъэкІуэкІыми гу лъытапхъэщ, - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым. - Лъэпкъыбзэу зэхэт ди къэралым щыпсэухэм хуитыныгъэмрэ хэку жэуаплыныгъэмрэ яхэзыпщэ махуэшхуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр дэ псори дызэрипхыныр. Нэхъыжьым къехъулІар нэхъыщІэхэм иратыфу, къэралым и блэкІам лІыгъэм и дамыгъэу хэтхэр яІэпымыхуу псэуху, къыдэкІуэтей щІэблэри къэкІуэну зэманым хуээзэпщу, хахуэ, хэкупсэ мэхъу. Дэ дрогушхуэ а лъапІэныгъэхэр къызыфІэІуэху ди щІалэгъуалэм. Ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми я пщэдейрей махуэр зейр».

ЩІыналъэм щекІуэкІа «Зарница 2.0» джэгукІэм и Іыхьэм хэтащ цІыху мин 25-рэ. Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу Хэкум и хъумакІуэм и гъэм ар икъукІэ зэрыгуапэр.

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу, дауэдапщэм щаукъуэдиящ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я цІэхэр зытет, метри 100 зи кІыхьагъ Фэеплъ щэкІыр.

Дауэдапщэм и кІэухым КІуэкІуэ Казбек джэгу зэпеуэм хэт псоми ехъулІэныгъэ яІэну, ныбжьэгъу пэжхэр къагъуэтыну ехъуэхъуащ.

Дрогушхуэ мыпхуэдэ медицинэ ІуэхущІапІэ республикэм иІэ зэрыхъуам

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр щыІащ Налшык къалэм и поликлиникэщІэ №1-м. Абы республикэм и щыхьэрым щыпсэу цІыху мин 84-м щІигъум Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэнущ.

ХЬЭЩІЭХЭМ ІуэхущІапІэм защригъэплъыхьащ поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Батыр Заурбэч. Абыхэм зыщагъэгъуэзащ ІуэхущІапІэр медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэмкІэ къызэрызэгъэпэща щІыкІэм, епсэлъащ лэжьакІуэхэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, ІуэхущІапІэм и ухуэныгъэр 2022 гъэм къыщІадзауэ щытащ, УФ-м и Президентым къыхилъхьа «Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьын» программэм и фІыгъэкІэ. ІуэхущІапІэм метр зэбгъузэнатІэ мини 9-м щІигъу къызэщІеубыдэ, иджырей мардэхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

Амбулаторэм, дэІэпыкъуныгъэр икІэщІыпІэкІэ къызэзыгъэпэщ ІэнатІэм, стационарым къыщынэмыщІа, поликлиникэм хэтщ лышх узыфэм щеІэзэ, узыншагъэр къыщапщытэ центрхэр, КИФЩІ-м щынэхъ ин дыдэу илъэсым къэпщытэныгъэ мин 20-м щІигъу щащІыфыну эндоскопие къудамэр, лабораторэхэр. Узыншагъэр щрагъэфІакІуэ ІэнатІэм щеплъынущ дзэ Іуэху хэхам хэтхэми.

Егоровэ Татьянэ ялъэгъуам теухуауэ жиІащ: «Иужьрей дыдэу къежьа ІэмалхэмкІэ къызэгъэпэща мыпхуэдэ ухуэныгъэ диІэным иджыри щытепсэлъыхьым, абы и инагъымрэ мыхьэнэмрэ укъигъэуІэбжьырт. Нобэ ар зэрылажьэм доплъри, ди гугъэм ефІэкІыжауэ жыпІэ хъунущ. Къапщтэмэ, мыр къызэрызэгъэпэща медицинэ Іэмалхэр дэтхэнэ клиникэми иІэкъым. Іуэхутхьэбзэхэр фІагъ лъагэ иІэу цІыхухэм зэрыхуащІэнум шэч хэлъкъым. Абы щыгъуэми иджырей Іэмэпсымэр зыхуэдэм псори ельытакъым, ІэщІагъэлІхэр я лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэрщ нэхъыщхьэр. Дрогушхуэ мыпхуэдэ медицинэ ІуэхущІапІэ республикэм иІэ зэрыхъуам.

Урысейпсо мыхьэнэ иІэщ

Налшык дэт спорт ІуэхущІапІэм дыгъуасэ къыщызэІуахащ художественнэ гимнастикэмкІэ «Сказки гор» урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 23-м щІигъум я спортсменкэ ныбжьыщІэхэр.

ФІЭХЪУСКІЭ абыхэм зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ уардэунэм и унафэщІ КІэрашэ Аксанэ, цІыхубэ щІэныгъэмкІэ отличник, КъБР-м Художественнэ гимнастикэмкІэ и федерацэм и унафэщІ Тавитовэ Иринэ, «Локодзюдо» сабий лигэм и унафэщІ Хьэщэ Мурат, зэпеуэхэм я судья нэхъыщхьэ, урысейпсо категорие зиІэ судья Коротковэ Наталье сымэ.

Егоровэ Татьянэ зэхьэзэхуэнухэм, абыхэм я адэанэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ защыхуигъазэм, депутатхэм къабгъэдэкІыу фІэхъус ярихащ икІи къыхигъэщащ художественнэ гимнастикэр спорт лІэужьыгъуэ нэхъ дахэхэм икІи узыІэпызышэхэм зэращыщыр, абыкІэ ди къэралыр адрейхэм сыт щыгъуи къазэрыхэщыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым художественнэ гимнастикэмкІэ и зэпеуэм мыпхуэдэу урысейпсо мыхьэнэ зэригъуэтам уримыгушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Гъэ къэс абы хэтхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу, спортсменхэм я зэфІэкІми зэрыхагъахъуэр нэрылъагъущ. Дыщогугъ къэкІуэну зэманым фи цІэхэр жыжьэ Іуауэ зэхэтхыну, фи утыку итыкІэр щапхъэ яхуэхъуу нэхъыбэж мы Іуэхум девгъэхьэхыну. Пэшым щІэсхэми захезгъэхыну сыхуейт мы спорт лІэужьыгъуэм зэрызыхуагъэсэнум и ІуэхукІэ республикэм Іэмал псори зэрыщыщыІэр. Шэч къытетхьэркъым мы зэхьэзэхуэр гукъинэж зэрыхъунум, - жиІащ Егоровэм.

- Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт Іуэхугъуэшхуэ щокІуэкІ. Апхуэдиз хьэщІэ къызэрытхуеблэгъар, псом хуэмыдэу абыхэм Къырымми, Донецк, Луганск щІыналъэхэми къикІахэр зэрахэтыр, ди гуапэщ. Дынывохъуэхъу дэтхэнэми ехъулІэныгъэхэр фиІэну, - къыхигъэщащ КІэрашэ Аксанэ.

Хьэщэ Мурат зэпеуэм и спонсор «РЖД» ОАО-м къыбгъэдэкІыу дэІэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъуам папщІэ фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм. «Илъэс ещанэ хъуауэ мы зэпеуэм дыхэтщ. Абы зеужь икІи етІанэгъэ нэхъри зиубгъуну дыщогугъ», - жиІащ Мурат.

Урысей Федерацэм и къэрал гимным къызэхуэсахэр едэІуа нэужь, зыкъагъэлъэгъуащ 2025 гъэм и мэлыжьыхьым екІуэкІа «Алина» фестивалым и кІэух Іыхьэм хэта художественнэ гимнастикэмкІэ «Грация» центрым (Тэрч къалэ) и гъэсэнхэм.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэ гуапи хэтащ зэпеуэр къызэрызэІуахым: художественнэ гимнастикэмкІэ спортым и мастер, кандидат цІэхэр зыхуагъэфэща зыбжанэм щыхьэт техъуэ я тхылъхэр иратащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ФІыщІи щытхъуи зыхуэфащэхэр

Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым щекІуэкІащ медицинэм и лэжьакІуэхэр щагъэлъапІэ пшыхь. ЗэІущІэ гуапэм хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэр.

ПШЫХЬЫР къызэІуахащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм медицинэ лэжьакІуэхэр зыІута ІэнатІэ гугъур уи нэгу къыщІигъэхьэжу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ТекІуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ игъэхьэзыра видеотеплъэгъуэкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек медицинэм и лэжьакІуэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъу тхыгъэм къеджащ республикэм и УнафэщІым и Администрацэм и Тхьэмадэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ медицинэр сыт хуэдэ зэманми мыхьэнэшхуэ зиІэ ІэщІагъэу къызэрекІуэкІыр, узыншагъэр дэтхэнэ зыми бгъэдэлъ лъапІэныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, дохутырхэр цІыхур дунейм къыщытехьам деж щегъэжьауэ абы и гъащІэ псокІэ къазэрыдэгъуэгурыкІуэр.

- Медицинэ лэжьакІуэм и зэфІэкІыр унэтІыныгъэ куэдым къыщегъэлъагъуэ, абы къыхэкІыуи а ІэщІагъэм дэтхэнэми къыхуегъэув щІэныгъэ куурэ Іэзагъышхуэрэ хэлъын хуейуэ, - жиІащ Егоровэм. - Къапщтэмэ, ар зэрымытыншыр гурыІуэгъуэщ, ауэ абы иджыри дэщІыгъупхъэщ хьэл-щэн щхьэхуэхэр - гуапагъэр, гумащІагъэр, зэхэщІыкІыр. Абы къыхэкІыуи, хъэлат хужьыр зыщыгъхэм я лэжьыгъэм жылагъуэм сытым дежи пщІэрэ щІыхьрэ щиІэщ. Медицинэм псынщІэу зэрызиужьым нобэ ІэнатІэм Іэмал хъарзынэхэр къыхузэкъуех, ауэ ар ипэкІэ зыгъэкІуатэ къару лъэщыр фэращ, дохутырхэрщ. Псалъэ гуапэкІэ къыхэзгъэщыну сыхуейт медицинэм и ветеранхэр. Фэ илъэс бжыгъэкІэ фызыпэрыта ІэнатІэм къыщывгъэлъэгъуа Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ щапхъэщ. Апхуэдэу фІыщІэ яхудощІ дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэм щыІахэм, нобэ абы зи къалэныр щезыхьэкІхэм. Зи ІэщІагъэм хуэпэжу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм ди щхьэр яхудогъэщхъ цІыху гъащІэ кърагъэлахэм папщІэ. Медицинэм и лэжьакІуэ псоми сынывохъуэхъу узыншагъэ, зэІузэпэщыгъэ, насып фыщымыщІэу, фи ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр фыщиІэу фи лэжьыгъэр ефхьэкІыну.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Фыщlu щытхъуи зыхъэфащэхэр

(КIэухыр. Пащlэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къудзэ Хъубий Марат жиlащ зи къарури зи зэмани емыблэжу зыпэрыт Iэнатlэ гугъуи къахуигъэзыжэр нэгъэсауэ зыгъэзащlэхэм фыщlэрэ щытхъуэ зэрахъэфащэр. Апхуэдэу абы псалъэ гуапэхэр яхуэлащ я Iощlагъэм къыхуигъэзыв къалэныр нэсу зыгъэзащlэу Хэку зауэшхуэм хэкlуэда дохутырхэм, ветеранхэм.

- Ноби республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и Iэнатlэм и лэжьакlуэхэр щолажьэ дзэ Iузыку хэхар щекlуэкl щыпlэкэм, - жиlащ Хъубий.

- Абыхэм къагъэлъагъэ зэфIэкlми пщlэшхэ яхудощ икlи даполlпхъ дэ зауэлIэм я гъусэу мыгувэу текlуэныгъэр къытхуахъу къагъэзэжыну. Фи махуэшхуэмкlэ сынывоохуэху, фи щхьэкlэ, фи унагъуэкlэ, фи благъэ-Iыхьлыкlэ гукъеуэ фимыIэу Тхьэм фигъэпсэу!

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкlэ и Iэнатlэм и лэжьакlуэхэм я профсоюзым и унафэщlым и къудзэ Яськовэ Ольгэ жиlащ псэзэпылъхэпlэ ихуэхэр къеГэлъыным, узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным зи гъащlэр хуэзыгъэпсэа Iэщlагъэлэжьым яхуэгъэзэжу пшыхьым щыIуэ дэтхэнэ псалъэри яхуэфащэ дыдэу зэрэщытыр. Зи махуэр зыгъэлъагIэн ар ехъулIауш зыIуэтэщlыпlэ я Iэ зэIуэпэщlыгъэм, узыншагъэр хъумэным хузэнэтIауэ зэрыщытыр, а къалэныр нэгъэсауэ зэфIэхыным я гуащlэшхуэ зэрыраухэлIэр.

- Гуапэщ уи лэжьыгъэм хузэгъэзауэ псалъэ дахэ зэхэпхынкlэ, щlыхь, фIыщlэ тхылъхэмкlэ уагъэтэжэнкlэ, - жиlащ министрым. - Республикэм и медицинэ лэжьакlуэхэм къабгъэдэкlыу сытым дежи дызэрагъэгушхуэм, дэIэпыкъуагъэ хъызэрыхъуэм, ди Iузхэр къызэрыддалIэгъым папщlэ фIыщlэ яхуэсщlыну сихуэкlиу щlыналъэм и Iэтащхьэм, Правительствэм я унафэщlхэм, ведомствэ щхьэхуэхэм. Къэралым и дэтхэнэ щlыналъэми хуэдэу, ди республикэми медицинэм зыщегъэжь, Iэнатlэр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрэпэщlащ, нэхъыщхьэращи, зыпэрыт Iузхэм фIыуэ хэзыщlыкl, щlэныгъэ куу, зэфIэкl лъагэ зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлэжьэр диIэщ. Дызэрефлакlуэм и щхьэхтэ ди къэралым и медицинэ щlэныгъэлI щIэрыIуэ хэр хэту, узгъэныкъо зэмылIэужьыкlэ зэрысейпсо зэхъуэкlэр ди республикэм зэрыщекlуэкlыр. Абы къэгъэлъагъэ щlыналъэ медицинэр лъагапIэщlэхэм зэрыхэзыхlыр, ди Iэщlагъэлэжьым я щIэр фIыкlэ зэрыIуэр. Ар дызэрыгушхэнщ. Щхьэхуэзу фIыщlэ яхуэзощ республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и Iэнатlэм илъэс куэдкlэ щыпэжьа нэхъыжьыфIэхэм, апхуэдэуи нобэрей пшыхьым къэтхуэблэгъа, къэралым и щхьэхуитныгъэм и хъумакlуэ къэмылэнджэжу зыкъэзыгъэлъагъуа, дзэ Iузыку хэхам и ветеранхэм. Узэшlагъэ быдэ фиIэу гъащlэ кIыхь ефхэкIыну псоми сынывохъуэхъу.

Адджэ медицинэм и лэжьакlуэхэм я махуэшхуэмкlэ ехъуэхъуащ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къудзэ Анаев Аслъэн, УФ-м и Хъуманlэ банкым Къабэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и унафэщlым и къудзэ Уэзэрокъуэ Азэмэт сымэ.

Iэнатlэм зэфIэкl хъарзынэхэр къэщIысIэнэ пэжьакlуэхэм ираташ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Узэшlагъэр зэфIэгъэувэжыным и министерствэм я щIэх, фIыщlэ тхылъхэр.

Апхуэдэу пшыхьым нэгъэ къэщIащIащ КъБР-м Узэшlагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм республикэм и Дохутыр палатэр и дэIэпыкъуагъэу иригъэкIуэкIа щIыналъэ зэпеуэм къэщIысхэнакIэ медицинэ лэжьакlуэхэм я нэхъыфIэхэр. Къэщlынэмыщlауэ, махуэшхуэм щагъэпэжащ медицинэм и лэжьакlуэхэм я республикэ спартакиадэм щытекlуэхэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м Узэшlагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм и «36,6» зорым, щIыналъэм и медицинэ Iэнатlэ псоми я лэжьакlуэхэр хэту къэзыгъэпэща «Ди Текlуэныгъэ Иныр» дзэ-хэкупсэ зэпеуэм щытекlуэхэм, уэрэдыкlакIуэ, къэфакIуэ ансамблэ цIэрыIуэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Нэхъыжьхэр зи гъуэгугъэлъагъуэ

**Хэкур цIыхум и гур щигъэтIылъ щыпIэщ. ЩIыпIэ къудейкъым: и къуэпсэхэм, и лъабжьэм быдэу зыщригъэубгъу лъабжьэ щрихьэкlыж, лъэпкъэхэр быдэкъэзыIэ къаруц. Абы и мыхьэнэм дэтхэнэри кIыхь тепсэлъыхьыныр. Псалъэм папщIэ, Украинэм щекIуэкI дэз Iузыку хэхам и ветеран Мэзло Заурбэч жиIэщ: «Хэку лъагэныгъэ псом япэу унагъуэм къыщыщIедзэ. Сэ хэкупсэу сыкъагъэхъуащ си адэ-анэм, си адэшхуэм. Псом хуэмыдэжу щапхъэ сохуэхъуэ си анэм и адэшхуэ Жабоев Мухьэмэд лIыхъжьыгъэ хэлъу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтарщ, ар Берлин зэрынэсарщ».

ЩIАЛЭМ къыщэрыджиIамкIэ, Аушыджэр къуажэм къыщалъхуа я нэхъыжьыр хэтащ 115-нэ шуудзэ цIэрыIуэм. Ар хэтащ Курск, Орёл, Гомель дэс щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм. И лIыгъэм къыпэкIуэу, абы къыхуагъэфащащ «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ» медалыр. 1943 гъэм и жэпуэгъуэм Пехуховкэ гъущI гуэгуу къэувыIапIэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъуар лIыхъужьыр, зауэм и лъакъуэ сэмэгур хилъхьат. Зауэ нэужькIэ абы и дамыгъэхэм къажэхъуащ. «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хилъхьа и гуащIэм папщIэ», - Хэку зауэшхуэм Германиеми зэрыщытекIуэм папщIэ» медалхэри.

Гурыlуэгъуэ мэхъу Заурбэч гъэгугъэлъагъуэ хуэхъуар. Курыт школыр къиуха нэужь, Мэзлор Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым (Пятигорск) щIэтIысхьэри, программист Iэщlагъэм щыхуеджащ. Ар къиуха нэужьи, и щIэныгъэм хигъахъуэмэ фIэфIу, а еджапIэ дыдэм и юридическэ факультетым щIэтIысхьэжащ, магистратурэри къиухащ. Арщхьэкlэ щIалэр къэкIуэжри, и анэм жриIащ зригъэужъуэта Iэщlагъэм ирилъэжьну зэрыхэмыёр, и хъуэпсапIэр - дэз Iузхэм хэтыныр зэрыларэр.

2017 гъэм Iэ тридзэр, Заурбэч япэщlыкIэ Новосибирск къулыкъу щIищIэну ягъэкIуэд. Иужькlэ, 2021 гъэм и щэкIуэгъэм къыщIыдзэауэ 2022 гъэм и мазэе пщIондэ, Кърымыем зыщигъэзащ. Дзэ Iузхэ хэкам щыщIидза дыдэм, къалэн къэзыщIыр игъэзащIэу, мазэм нэблагъэкIэ хэтащ ебгъэрыкIуэ батальоным. Ахэр къыщlахъуреихьым, щIыху 35-рэ а гуэзвэгъуэм къыхашыжьафащ, я гуп унафэщlыр хэкIуэдащ. Апхуэдэу ахэр хэтащ Каховкэ ГЭС-р, Новэ Каховкэ жылагъуэр къэштэныжрэ къымэнымрэ. Къыщынэмыщlауэ, Херсон аэропортыр къыщащтэм, я полкым гуэгуу яхуэхъужри, иужькlэ а щIыналъэри, Большая Балкэ, Александровкэ къуажэхэри я Iэмыщlэ ираlахьэри яхъумащ.

Зы махуэ гуэрым топышэхэр къыщыхтрагъэщащэм, Заурбэч фэбжь игъэтащ. ЩIыпIэм къэгъэлэпхъыкIыну тIэунейрэ яхуэзэфIэкIэтэкIыным, къуажэр зыхъуэпсэ хьэуэтIкIэ къащхъуейрэ зэрыщытам къыхэкIыу. Мэзлом «Хахуагъэм папщIэ» медалымрэ Жуковым и цIэкIэ зы адэ къуэш Абхъазым и Пщхъэщ, адрейр Цхинвал щекIуэкIэ зэныкъэхъуэм хэтащ. Абыхэм я пщIэр езгъэхуэх зэрымыхьунур си деежкIэ хьэкът, нэгъэщI гъэгугъуи къэхъсхэнкIэ хъуну щытакъым икIи сыхущIегъэужьыркъым», - жиIэ Мэзлом.

Заурбэч фэбжь игъэтэ нэужь, и къулыкъум къынэрымыкIыну хуэкъакъым, дзэ Iузхэм ягъэкIуэжыну дапщэрэ захуигъэзами, зэрымыхъунур къыжраIащ. Мы зэманым ар «Дзэ Iузхэ хэкам и ветеранхэр» жылагъуэ Iэхъуущlэпlэм и унафэщlыгъ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым долажьэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iэхъуэхэмкlэ и министерствэм ЩIалэгъуалэр хэкуэсу Iэ гъусэныкъо дзэ къулыкъущIэхэр къэгъэлъагъэным и къудамэм и унафэщlыгъ, «Альфа сферэ» медицинэ институтымрэ «Призвание» колледжымрэ щрегъаджэ, жылагъуэ Iузхэм щIэпэгъэу хэтщ. И узэшlагъэр ираригъэблэжа нэужь, гугъуехьхэм къыпэкIыкIа щIалэм апхуэдэ къаруу къратыжащ унагъуэм, лажьэ гъэм, ныбжьыкIэгъуэм. Iэхъуншэу Мэзлор пхущысынкъым.

- Дзэ Iузхэ хэкам и ветеранхэм я зэгухьэныгъэр къыщIызэрагъэпэщар абы къыхэкIыжа-кэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ зэщIэдзэкIуэн папщIэщ. Мы зэманым ирихьэлIэу зэгухьэныгъэм щIыпIэ 290-рэ къызэIуехыщIащ, ахэкIэм хэкIуэдахэр щрикъупкъыну гъэпсэхэри, - жеIэ Заурбэч. - Медицинэ дэIэпыкъуныгъэм щегъэжьауэ ахъшэкIэ, Iузхуи-кIэ зэщIэгъэкъуэнри ди лэжьыгъэм хеубыдэ. Ветеранхэр республикэм щекIуэкI Iузхуигъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтщ, курыт школхэм лIыхъужьыгъэм и дерс къэзыщIэрэзэпэщкIэм ираригъэблагъэ, щIэблэм къыгурагъаIуэ хэкупсэу щытыным и мыхьэнэр.

Сыт апхуэдэ гъэунэхуныгъэ мытынышым цIыхум и щхьэкIэ къыхихыр яхIэпэмэ, Мэзлом и жэуапыр кIэщIу: «Гъащlэр гъэлъэпIэн зэрыхуейм мыхьэнэшхуэ зумыгъэну щыта Iузхуигъэкэни щыIуэ 290-рэ къызэIуехыщIащ. Апхуэдэ гъэунэхуныгъэ щIэкIэ зэрыхуейр хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ зэрыщ

Дыгъэ щIыIэрыс

Гугъуэт Заремэ и усэхэм ятеухуауэ

Усакlуэм усэ езыгъэтхыр мыращ жыпIэу, жэуап пэжым зэи утеIэбэфынукъым. Зыхищlэр зищIысыр зыгуригъэIуэн папщIэкъэ абы езым усэ щIитхыр?! АпщIондэху щIэ гуэр къищIэрэ? ЗицIыхужрэ? ГъащIэ екlуэкlым къыхохури, абы малъхъэдисым ещхьу псалъэхэр зыщlешэ, жиIэну зыхуейм темыхуэр зыкlэрегъэлъэлъыжри, гунэс щыхъуа сатырхэм и нэпсхэр ятреклутэж.

АР ПЭЖМЭ, усакlуэр дэрбзэрми, пхъащIэми, ухуакlуэми пхуегъэщхьынущ. Бзэм и Iэлыфбейр Iуданэ папщIэу къищтэу, и гурыщIэр къызытещ псалъэ тхыпхъэ хэзыдыкlыр щыгъын, унэ, Iэнэ е шэнт къыщIэзыгъэкIым ебгъэщхь щIэмыхъунур сыт? Мор IэпкълъэпкъыIр зыгъэтынш хьэпшыпым елIалIэмэ, мыдрейм уи гум и хьэщIэщыр пхузэлъыIуех. ТIури зэлIалIэр цIыхурщ. Псори дызэрызэщхьэщыкIым хуэдиз дыдэкIэ икIи дызэщхьу щымытамэ, сытыт уэ птхам сэ сыкъыщIебгъэджэнури ар сэ стеухуауэ къыщIысщыхъунури?

Усэ зэхэзымылъхьэ щыIэкъым жытIэмэ, дауи, пэжкъым. Ауэ и гъащIэр дахагъэм и нэкIэ зэзэмызэ зэпызымыплъыхь щыIэ къыщIэкIынкъым. Усакlуэ зыфIимыщыжми, гупсысэу къигъэщIа цIыхум щIэхщIэхыурэ зэрыт щытыкIэм цIэ къыхуелъыхъуэ. Усэрыпсалъэми ищIэркъым асыхьэтым къыжьэдихункIи хъунур сытми, ауэ «и шыуаныщхьэр къытреуд», и пIэ ит псалъэм фIэкIа и гур зыми игъэзагъэркъым. Тхылъеджэр хэмытынкIэ Iэмал имыIэу щыткъым абы и дунейм, ар езыри зрокъуж, тхэн зримыгъащIэ щIыкIэ, зэризакъуэр къыгурыIуащ.

Гугъуэт Заремэ усакIуэкIэ еджэн зэрыщIэддзэрэ зэманыфI дэкIащ. Сыт ар а IэщIагъэм къыхуигъэщIауэ жыдэзыгъэIэр? Итхыр дигу зэрырихьра? Хьэмэ зыхищIэр сатыр зэпыудакIэ къызэрытхуиIуатэра? УсэщIэ къытIэрыхьэху, а жэуапым зимыхъуэжыпIэ иIэкъым. Усакlуэри щыцIыхукIэ, дэ абы дыпсэунур нэхъ тынш тщищIыну дыщогугъ, хуэтщI дзыхьым и инагъыр зэлъытар дунеймрэ гъащIэмрэ дызэрыригъэзэгъ бзэмрэ щапхъэмрэщ.

«ЦIыхум къыбгъэдилъхьа зэчий лIэужьыгъуэхэм уахэплъэмэ, бзэ шэрыуагъым епхам и закъуэщ ныбжьым елъытауэ къыщIэкIыр, сыту жыпIэмэ, абы зезыгъэужьыр езы цIыхум и щхьэкIэ игъэунэхуахэрщ», - жиIэгъащ зи цIэр къытхуэмыгъуэтыжа губзыгъэ гуэрым. А гупсысэр Заремэ дежи щызахуэщ. «БалигъыпIэ иува си усэр лъапэпцIийуэ пщIантIэм къыдохьэж», - зыхужеIэж абы. «Иджы сыкъицIыхужкъым си щIалэгъуэм» сатырри езыгъэтхар арагъэнщ.

Дэтхэнэ усакIуэми ещхьу, Заремэ усэбзэкIэ зыхэIэбэ лъэныкъуэхэр зыбжанэ мэхъу: адэ-анэ, сабиигъуэ, лъэпкъ, Хэку, дуней, уеблэмэ политикэм теухуа уси щитх къыхуохуэ. Хэти фIызэтрихьэ губампIэдэх едзыгъуэхэри и «мыхьэмытхкъым», цIыхум зыдигъуэжыпхъэ щэнынщагъэми утрегъэукIытыхьыф. Ауэ нэхъыбэр зытеухуар щIэри жьыри зыгъэпшыналъэ лъагъуныгъэрщ. Мыбдежым ди пащхьэ къытфIиувэ упщIэхэм иджыри тIу къахохъуэ.

Япэр: сыт усэр хъуауэ жозыгъэIэр? ЕтIуанэр: цIыхум зыхищIэм лъагъуныгъэкIэ уеджэфын папщIэ, сыт а гурыщIэм нэхъыщхьэу хэлъыпхъэр? «Сэ фIыуэ узолъагъу» псалъэхэр ди фIэщ зыщIыр е зымыщIыр сыт?

Мы губгъуэм уигъуэщыхьынкIэ шынагъуэщ, утепсэлъыхьынуи тыншкъым, итIани, Заремэ и усэхэм укъыщеджэкIэ, гупсысэр щыуфэразэр абдежырщ. Щыпсэуа лъэхъэнэкIи щIыпIэкIи тпэжыжьэ усакIуэхэр нэгъунэ я сатыр цIэрыIуэхэм езыхулIа щхьэусыгъуэр зэдгъэщIэну дыхуейуэ, тхылъыжьхэр щIыдопщытыкI дэ. Сыт къэтлъыхъуэр? Дауи, гъащIэм и IэфIырщ. УсакIуэм къытхуигъэщIэрэщIэжыну дызыщыгугъ ди пэжырщ. Хьэуэ, усэр усэщ, гъащIэр гъащIэщ, а тIум зыри зэхуаIуэхукъым жыпIи хъунущ, ауэ сыт дэ усакIуэ зэрытщIынури абы итхахэм дыкъыщIеджэнури, апщIондэху ди цIыху декIуэкIыкIэр, гу зэIухыкIэр, нэхъыщхьэращи - зыкъэщIэжыкIэр емыфIэкIуэнумэ? Сыт Шекспир и «хъыджэбз къамылыфэр» лIэщIыгъуиплI хъуауэ къыщIэтлъыхъуэр? Маяковскэм зиукIыжауэ ди фIэщ щIэмыхъур? Пушкиным и щхьэгъусэм дыщIыхуэмыарэзыр? Езыхэр цIыху къызыхуэтыншэу щымытарэ пэт, зи анэдэлъхубзэр зыхуэжыIэщIэ усакIуэхэм псори сыт тыншу щIахуэбгъэгъуфыр? Усэбзэр абыхэм зэрызаухеижын Iэмалу къэрамытауэ пIэрэ, тхьэлъэIум иджыри хуэмыхьэзыр дэ ар уафэм дыдэзышын пкIэлъейуэ къытхуашиин хуэдэу?! УсэфIым е уэрэдыфIым гъащIэм иужьыгуа, зи псэукIэр пхъашэ зыIэщIэхъухьа цIыхум гу зэрыкIуэцIылъыр къэрегъэщIэж. КъэгъэшыпIэ задэхэм дыблэзыш усакIуэхэр нэхъыбэрэ дгъэпсэунут, ахэр шыгъушыпсыпIэм хэзыдзэ гуныкъуэгъуэхэр ящхьэщытхынут, я гъуэгум ету иридгъэжэнут, езыхэм усэ дахэхэр къыщIагъэлъэлъу щысын фIэкIа, нэгъуэщI Iуэху къахуэмынэн хуэдэу. Ауэ гъащIэр апхуэдэу щыткъым. Уэрэдбзум и макъ телъыджэр щызэхэтхыр ар гъущI хъарым идубыда нэужьщ. Ухыгъэм хэкIыпIэншагъкIэ укъиухъуреин зэрихьэлым нэмыщI, псэм и зыужьыныгъэ гъуэгур лъэпэрэпэгъуэрэ къэтэджыжыгъуэу зэIылъщ. Гугъур зымыгъэунэхуам тыншым и IэфIыр зыхищIэу щытамэ, уси уэрэди дыхуэмыныкъуэу дыпсэуфынт. ТхэкIэ Iэзагъым хигъэщхьэхукIыу щытми, усакIуэри дэ тхуэдэ дыдэ цIыху къызэрыгуэкIыу, мор и гукъеуэу, мыр и тхъэжыгъуэу зэрыщытырщ ар лъэпкъым и тхьэгъуш зыщIыр.

Гурыхь тщыхъу ерыскъымкIэ дызэрызэтемыхуэм хуэдэ къабзэу, усэу къэтлъытэмкIи ди фIэщ хъу-мыхъухэмкIи цIыхухэр хъарзынэу дызэщхьэщокI. ИтIани, псыр псыщ, шыгъур шыгъущ. «ДезыхьэжьэмкIэ» дызэщхьэщишми, ди пащхьэ илъыр усэрэ мыусэрэ, лъагъуныгъэрэ мылъагъуныгъэрэ жытIэн хуей хъумэ, Iэнэм темылъ къыпхутехынукъым.

ЗэхэдгъэкIыну дызыхуейращи, цIыхуитIым зэдамыгуэш гурыщIэм лъагъуныгъэкIэ уеджэну хуэфащэ? «ФIылъагъу жэуапыншэ» жыхуаIэр дэнэ деж къыщыувыIэр е къыщыувыIапхъэр? БлэкIа лъэхъэнэ гуэрым мыхьэнэшхуэ зумыта, ауэ иджырей уи нэхэмкIэ узэплъэкIыжу узэхъуэпсэжа гъащIэ Iыхьэр иджыри ууей хьэмэ «мафIэгур текIа»? Дауи, псэуныгъэм къыхэпх жэуапымрэ литературэм къыуитымрэ зэхуэдэкъым. Жэуапыр апхуэдэу IупщIу щытамэ, дэнэ къикIынт IутIыж Борис и «уригъусэу уей-уей жезыгъэIэ узейм» сатырыр? Ардыдэр Заремэ зэрыжиIэр мыпхуэдэущ:

Мы си гур къезыгъауэу
щыта плъэгъуэр
Мес адэ жыжьэу...
НэгъуэщI гуэр къытолIэ.

Уэрэдхэм я нэхъ гукъинэжхэр къэзыгъэщIыр тхьэусыхэныгурщ. Уи нэгум къыщIэна дунейр гъащIэм иретхъыкIри, уи пащхьэм езым хидыкIа тхыпхъэр кърелъхьэ. НэрылъагъумрэнэгумщIэтымрэзэмыныкъуэкъутэмэ, дэнэ къикIынт мы илъэсым зэхэтха пшыналъэ псоми ятекIуа «Хъурян и уэрэдым» и сатыр къызэрымыкIуэхэр:

Нобэрей махуэри, ей,
IуэхукIэ согъакIуэри сэ.
Уэй мыгъуэ, си псэм и ныкъуэ,
ныжэбэрей жэщыр
сыткIэрэ згъэкIуэну мыгъуэ сэ?

Мы упщIэ къомыр къызыщIэтаджэр Гугъуэт Заремэ лъагъуныгъэ темэм щыпхиша уэрэдыпкъырщ. БлэкIам къыхэнащ усакIуэр зыхэпсэукI «насып тхьэмыщкIэм» и къежьапIэри, и гъуазэри, и «гум и тхьэлъэIупIэри». Сыт-тIэ а псалъэ дыгъэлхэр ди фIэщ щIэмыхъупэр? УсакIуэм и псэлъэгъур езым и махуэкъэс гъащIэм зэрыхэмытым шэч дегъэщI а «уэр» куэд щIауэ къару зыщIэмылъыж дамыгъэ псэншэ хъуауэ:

Гухэлъ нэкъыфIэщIым
сыкъыхокIиикIри,
Нэпсу ущыслъэщIкIэ,
сэ соупщIыIуж.

Зытепсэлъыхь гухэлъыр «зэрынэкъыфIэщIымкIэ» усакIуэм езым

зызыхуеумысыж, ауэ а шхийм емыпхъуэмэ, лъапэпцIийуэ зытет и дунейр зэпкърыхупэнущ. И зыумысыжыбзэмкIэ къуаншэмрэ захуэмрэ зэригъэзахуэу къыпфIощI. Ауэ и гухэлъыр зэм тхьэлъэIум, зэм гукъанэм, зэм нэпсым, зэм уэлбанэм хуэкIуэу щытми, ар уафэгъуагъуэм, бжьыхьэм, щIымахуэ уэсым, уэс налъэхэм, уэшх тклуэпсхэм, жьыбгъэм иригъапщэми, а псалъэ гъэщIэрэщIахэр зыхуэгъэза цIыхур усакIуэм и нэгущIэт сурэту, гъащIэм иригъэша псэ уIэгъэм щIакъуэ башу къыздрихьэкI щхьэгъэпцIэж гурыщIэу аркъудейщ. Псэ зыIут цIыхум дагъуэ хубощыф, мы сатырхэм я лIыхъужьыр цIэ зэриIэ къудейм еухей, усакIуэм и нэгущIэтхэр зэIигъэхьэну Iэмал иIэкъыми. Ар апхуэдизкIэ щIэкъыми, зыми хуэмыдэж гъуазэ къызыхуэтыншэу къыщIоувэ усэрыIуатэм и нэгум, ауэ щыхъукIэ, гукъанэ хуищIын хуэдизу иIыхуркъым:

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
Аращ мы щIылъэм
щынэхъ къабзэр.
Абы срищэурэ укIыпIэ,
КъысIуегъэкIэж
си адэжьхэм я псэ...

ГъащIэ екIуэкIым зыкъызэрыхипхъуэтыкIыр наIуэу, мыбы жиIэну зыхуейр щхьэтечауэ къипсэлъыфыркъым, ауэ нэгъуэщIми тепсэлъыхьыну хуейкъым, и пащхьэм ит дуней пэжым IумыпIлъэн папщIэ. ФIы къызэрыпэплъэм гугъэр хихыжащи, и нэхэр зэтрихын мэшинэ. Дунейр гъащIэщ, къалэнщ, зыгуэр къыщыбдагъуэ, нэхъыщхьэращи, уэ езым щызыдэбгъуэж, узэрымыдагъэр, узэрымывагъуэр уи нэм къыщыщIэуэ гъуджэ гущIэгъуншэщ усакIуэм дежкIэ. Арагъэнщ и зэгъэпщэныгъэхэр егъэлеиныгъэкIэ щIэбейр. Дэ абы зыдигъэцIыхужу, гъащIэм дригъэкIуэжыну дыщогугъ. Ауэ щыхъукIэ, езы усэрыIуатэр къалэмым щIепхъуэр «и гъащIэ нэпцIым къыхэузыкI пэжыр» имылъагъун папщIэщ.

Зыгуэрым жыжьэу егуэкIуэнымрэ ар гъащIэ гъусэу уиIэнымрэ зэрызэщхьэщыкIым хуэдабзэу, цIыхур цIыху зыщIыж лъагъуныгъэ насыпыфIэм ещхькъым мы усэ Iэрамэм къыхэблыкI гурыщIэр. ИтIани, апхуэди щыIэщ, ари, хиубыдэм зыкъыщицIыхужу, къэIуэта хъуащ, и хъэтI, и тхыкIэ хабзэ иIэжрэ тхылъеджэм гунэс щыхъуу.

Мыдрейуэ, а усэрыIуатэр зыгъэпсалъэ усакIуэпсэр сыт хуэдэу пIэрэ жытIэу дызэупщIыжмэ, хабзэ ткIийзиIэ лъэпкъ литературэ псоми игъащIэми я гъуэгур зылъахъэ шыIэныгъэм дыIоуэ. «Сэ схуэдэ дэнэ щыIэ» гупсысэм тещIыхьа нобэрей дунейр нэхъ гуащIэжщ, блэкIа лъэхъэнэхэм елъытауэ. ЦIыхур нэхъ хуит хъуа хуэдэу къыпфIэщI щхьэкIэ, усакIуэпсэр сыт хуэдэ зэмани нэхъ махэщ, бзэм и щытыкIэм ар нэхъри нэхъ псэлъэгъуей зэрищIыр къэбгъанэми. Зыгуэрым къыгурыIуэнуи гугъэжыркъым нобэрей усакIуэр. Зи дамэхэр гуэхуа пцIащхъуэ цIыкIум ещхьу, абы уафэр и нэгум хущIэхыркъым хуитуи зиIэтыфыркъым. ЗэрылъэрымыхьыIр зыщигъэгъупщэн папщIэщ абы къэкIуэну дахэмкIэ гъэщIэрэщIа, къалэни пщэрылъи зыхэмыт ныбжьыщIэгъуэ къабзэм псэкIэ зыщIыхуидзыр, нэху щыху и гупэкIэ къыщыкъуэкI дыгъэм и щIыбыр хуэгъэзауэ. ГъэщIэгъуэнращи, ар езы усэрыIуатэми къыгуроIуэж:

ПцIыщ. ГъащIэ ныкъуэр пцIыщ.
Къыщежьар мы
си гъуэгур сщIэжкъым.

Мыбдежырщ Заремэ усэным къызэрыхуигъэщIар ди фIэщ зыщI гупсысэм дыщыхуэкIуэр. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт Щоджэнцlыкlу Алий и Мадинэ е Лацэ, хьэмэ Печориным ирихьэжьа адыгэ пщащэ Бэлэ усэ ятхыфу, я гум щыщIэр къаIуатэфу щытауэ. «Сэ цIыхубзхэм псэлъэкIэ езгъэщIащ», - жиIэри итхыгъащ Ахматовэ Аннэ. КIыщокъуэм и «Лъапсэри» къэдвгъэщIэж. Абы хэт Дэфэрэдж-дохутырым и дисертацэм и эпиграф-хьэдисыр: «ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ. ЦIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ».

Усэ 67-рэ мэхъу нобэ зи гугъу тщIы Гугъуэт Заремэ и усэ IэрамэрI. Абыхэм яшщыщ 9-р Хэкум, лъэпкъым, дунейм, адэ-анэм, сабиигъуэм ятеухуащ, адрей 58-р ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «щымыIэну гухэлъ гугъум» топсэлъыхь. БлэкIа зэманым иува «щымыIэнум» усакIуэр и нобэм къытрихрэ хьэмэ абы къригъэлрэ? Жэщ-махуэр зэрызэхэт сыхьэт 24-р ерагъыу зыхурикъу цIыху балигъыр блэкIа зэманым къыщызыгъэхутэнкIи хъунур сыт, зыхэт гъащIэ Iыхьэр зэрыхьэлъэм нэмыщI? Пэжщ, абы епхьэлIэ къарур къозытыр а дыгъуасэм къыбгъэдэпха псэ узыншэрщ. Дунейм дызэрытет къудейм къегъэлъагъуэ гъащIэр езыр-езыру гъуэгу захуэм зэрырикIуэр. Ар тщызыгъэпщIкIункIи хъунур зы закъуэщ: дызэрызыщыгугъыжам хуэдэу дыкъызыхущIэмыкIыжмэщ. ИпэкIэ узышапхъэ къарур къыщомэщIэкIым деж, блэкIар иджыпстум уущхьэщызыIэтыкI кхъухьлъатэ пхуохъу, абы ухуеймэ - романтикэ, ухуеймэ - ныбжьыщIэ гуращэ фIэщ. Езы усакIуэми IупщIыбзэу елъагъу усэбзэкIэ игъэщIэращIэ гурыщIэм ар къыщыфIэIуэхупхъэ къару зэрыщIэмылъыр. ИтIани, пэрэ кIэрэ зиIэ сурэтым уи увыпIэр къыщыбогъуэтыжыф, зыгуэр къохулIауэ уи фIэщ мэхъу, уи щхьэ пщIэ щIыхуэпщIыфын щхьэусыгъуэ къыхыбохыф, уигу зыщрохыж. ЕкIуэкI зэманыр иджыри зэфIэкIакъым, абы и гъуджэр зэкIэ зэкIэрыпщIакъым, къутахуэ-къутахуэурэ ар гъащIэм зэрыхэтри, и мыхьэнэфIыр нэхъ къыхэлъагъукIыгъуейщ. Хэдэн-щыуэным иджыри пэIэщIэ сабиигъуэр IэфI зыщIыри арагъэнщ хэт и дежкIи.

Адыгэ унагъуэм илъ гурыгъузхэр тыболъагъукI Заремэ и усэхэм. Хьэуэ, ар тепсэлъыхьыркъым «бгырыс цIыхубзыр зэрыдакъуэм». Апхуэдэ псалъэхэри къигъэщхьэпэххэркъым. Ауэ и псэм гъащIэм зэрызыпыIуидз ерыщагъыр щыхьэт абрагъуэу и усэхэм къыхоувэ, блэкIам кIэлъыпхъуэж и усэбзэр нэхъ шэрыуэху, гур нэхъри иришэхыу.

ЦIыхубзыр гъащIэ тыншым зэи щигъэгугъакъым адыгэ гъэсэныгъэм. Лъэпкъым и гупсысэкIэр абы къыдекIуэкI псалъэжьхэм нэхърэ нэхъыфIу зыми къаIуатэ къыщIэкIынкъым. «Унэ ихьэрэ мыст хэувэрэ» - аракъэ нысащIэхэм я тхьэкIумэIупсым ирамыгъэкI чэнджэщыр. Пэжщ, ар щабэ дыдэу хузэпкърах, имылIыкIын хуэдэу. Иджыри зыкъомрэ ущIэлэнущ, удэхэнущ, ауэ уи фIыр зэрытебгъэкIуэ къарухэр пщIэкIымпщIэкIыурэ, зыри къыпхэнэжынукъым, захуагъэми ухуеIэжыфынукъым, укъызэрагъэкIэ сабийхэр ин хъуху. АпщIондэху зыхъумэжыкIэм Iэзэ ухуэхъунурэ, уэри хабзэр зи уэчылу щIалэгъуалэм и нэр зымыгъаплъэхэм е абыхэм защызыхъумэхэм яз ухъунущ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» ягу трагъэхуапхъэ псори яхудэшми, и псэм и IэфIыр зыхуигъэхьэзыра гъащIэщIэм пщылIу къызэрыщалъытэм щIэх щыужынукъым ди хъыджэбзыфIхэр. Армырай хьэгъуэлыгъуэ дауэдапщэхэм фIэкIа хабзэм зыри къыщIэхымынэжар? Нысашэм узришэ утыку щIэращIэр гъащIэм къыптриIубэжым ещхьу, укъызэрыдэмынэжар мащIэIуэщ, насыпыфIэу зыкъэплъытэжын папщIэ. Гуныкъуэгъуэр убзыщыфын, цIыхухэм я пащхьэм «узэрехъулIар къыпIурыжу» уитын... Фэ зытегъэуэфынракъэ нэхъыбэу хъыджэбзыр зрагъасэр, унагъуэщIэри дыщIри жагъуэгъугъэгуфIэ имыщIын хуэдэу. Сытуи пасэIуэу «фызыжь жьэнахуэ» хъурэ ди пщащэр! Дыгъуасэ удз гъэгъахэм епэму дэта хьэндырабгъуэр нобэ къытеублэрэкIэнкIи хъуну пшагъуэ гуэрэным пэщIэтщ, къебгъэрыкIуэ псоми яритыжыну жэуапыр иупэпцIа хьэзыру иIыгъыу. Дауи, «нысащIэ цIыкIухэм» ирагъэкIуэта гуащэхэри, щауэхэри, уеблэмэ тхьэмадэхэри щыIэщ. Заремэ и усэхэр а псом ятеухуауи жытIэркъым, мы гупсысэхэр абыхэм дызэреджам дигу къигъэкIауэ аркъудейщ.

Сыт цIыхур изэгъэкIуэтыр? Езыр фIыкIэ зэрызыщымыгугъыжым. Сыт апхуэдэу щIэхъур? ЩIэхъур ар зыхэпсэукI щэнхабзэм, къэзыхъуреихь псэукIэ культурэм и къэухьыр абы и дежкIэ ткIиищэу къызэрыщIэкIырщ. Армырауэ пIэрэ щIалэгъуалэм ди Хэкум щызекIуэ псэукIэ-зэхэтыкIэр, апхуэдизу зыщIэдгъэщIагъуэ нэхъыжь-нэхъыщIэ зэбгъэдэтыкIэр я гъащIэм къащыхуэмыгъэсэбэпыжу, хамэщIым щIэпхъуэр? Сыт-тIэ адыгэ хабзэм и мыхьэнэр, езым иритхъа сатырым иримыкIуэфым и Iэр хуимышIифынумэ? ХуишиинкIэ хуишиинущ, ауэ нэхъыфI дыдэхэм яхибжэнукъым, тхьэмыщкIафэ ириплъу, «гущIэгъу хуищIынущ», лIыхъужьхэм зэращымыщыр ириIуэкI зэпыту. ХьэтIохъущокъуэ Мухьэмэд-Iэшэ лIыгъэу зэрихьар хурикъуакъым «Iэшэ» къыфIамыщын щхьэкIэ. И лIыхъужьхэр апхуэдэу фIэкIа зымыгъэфIэф зэхэтыкIэм гур къимыIэпIэ иIэкъым. Мыбыкlэ умыплъэу, мобыкIэ плъэ жыпIэкIэ, цIыхум и дыгъэр уэ узыуей лъэныкъуэмкIэ къыщIыпхукъуэгъэкIыну къыщIэкIынкъым. «Си бгъэм дэсу дыгъэ щIыIэрыс къызохьэкIыр», - жеIэ Гугъуэт Зареми. Абы къыподжэж мы тхыгъэр къезыгъэбла сатыритIыр:

ЗыщIэни Тхьэр, мы
си гум илъщ насып,
ЩIылъарэ тIыгъуэжа
насып тхьэмыщкIэ.

Иджыри зы гупсысэ. Гугъуэт Заремэ и гурыщIэхэр дэтхэнэ адыгэ цIыхубзми зэрыхуэтхьыфым хуэдэ дыдэу, ди нэгум къыщIэдгъэгъэхьэт а «насып тхьэмыщкIэм» хэпсэукIыр ди Хэкурауэ? Ди нобэр дызэрыхуейм хуэдэу зэрытхузэтемыхуэракъэ ди блэкIа телъыджэр адрейхэм я нэм щIэтIуну дыщIыхэтыр? Тхыдэм дыщIылъэщ, дыщыхахуэщ, псори къыщыддоплъей. Ауэ ди нобэр даIэ? Дэнэ щыIэ уи тхьэкIумэIупсыр ирачу, Хэкум папщIэ «клавиатурэр кIуэцIрызытхъэхэр»? Нэмыцэм, Франджым, Америкэм, Тыркум, Иорданием, Мэзкуу, Бытырбыху, Австралием, Сирием... Тырку псалъэжьми зэрыжиIэщи, нэхъыбэм я дежкIэ «Хэкур укъыщалъхуаракъым, уи ныбэ изу ущышхэращ». Къуаншэ къызэрыпхуэгъуэтым уэ захуэ уищIу щытамэ, Заремэ и бзэкIэ жытIэнщи, «уафэм гукъанэу дэтпхъеяхэм» зыгуэр къытхуащIэнт. ИпэжыпIэкIэ зыгуэр къыпхуэзыщIынур пщэдджыжь къэс укъыщызыху жэуаплыныгъэрщ, пчы лъэбакъуэрщ, зепхьэ напэрщ. ДевгъэдаIуэт дызытепсэлъыхь усакIуэр и Хэкум зэреубзэ псалъэхэм:

УзгъэфIэжыну сыкъэплъхуати,
Уэ сыбогъафIэ, сыджэлэху.

Гугъуэт Заремэ гъащIэмрэ дунеймрэ дызэрыригъэзэгъыну и усэ нэхъыфIхэр щитхынур дяпэкIэщ. И усэбзэр хьэзырщ, и гъащIэ зыхэщIыкIэр абы лъэщIыхьэжмэ, адыгэбзэри, хабзэри, лъэпкъ гъащIэри зы усакIуэ псэ къабзэкIэ зэрефIэкIуэнур нэрылъагъущ.

ЧЭРИМ Мариannэ.

БгъэдыхьэкIэщIэхэр

Москва къалэм дэт «Экспоцентрым» щызэхуащIыжащ «Промышленностым къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр» 25-нэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр. Урысейм щекIуэкI зэхыхьэшхуэхэм ар ящыщ зыщ. Мы гъэм гулъытэ хуащIащ иджырей технологиехэм, гъущIыкIэхэм зэрелэжьым, промышленностым сэбэп щыхъуну робототехникэм, цIыху къару хэмыту, хьэпшыпхэр къыщIэгъэкIыныр зэтеухуэнымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм, нэгъуэщI куэдми.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ» заводри. Абы игъэлъэгъуащ гъущIыкIэхэм зэрелэжьым ехьэлIауэ IуэхущIапIэм езым иджырей мардэхэм тету къигупсыса Iэмалхэр.

ЗэрытщIэщи, «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ» ОАО-м и закъуэщ налмэсхэр IэрыщIу Урысейми СНГ-м и къэралхэми къыщыщIэзыгъэкIыр. Абы хьэпшып зэмылIэужьыгъуэу налмэсым къыщыхащIыкI 2800-м нэблагъэ.

Урысейм и промышленностым зегъэужьынымкIэ мы гъэлъэгъуэныгъэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Псалъэм папщIэ, абы къыщаIэта Iуэхухэм ящыщт нобэрей гъащIэм декIуу лэжьэфыну IэщIагъэлIхэр зэрырагъаджэр зэрырагъэфIэкIуэфыну щIыкIэр, лэжьакIуэхэм я Iэзагъэм хрегъэгъэхъуэнымкIэ щыIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Дэ къытхуатх

Дывмыгъэубэу, девгъэгупсыс

ПщIэ зыхуэсщI адэ-анэхэ, ди анэдэлъхубзэмкIэ ди республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэр къэзгъэсэбэпу, псори дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэм, къытщIэхъуэ щIэблэм етт гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, теухуа си гупсысэхэмкIэ сывдэгуэшэнут. Фэ фхуэдэу сэри сыанэщ, сыгъэсакIуэщ. Дэтхэнэ зыми фхуэдэу сэри хуабжьу сегъэпIейтей гъэсэныгъэм и Iуэхум. Зым нэхъри нэхъ губзыгъэу зызбжыжуи аракъым – а Iуэхум ехьэлIауэ нэхъ зызмышыIэфауэ арагъэнщ. Ауэ емыкIу къысхуэвмыщIу, фыкъысхуэмыубзу дызэдэгупсысэну сыхуейт. Сабийм, абыхэм я егъэджакIуэхэм уащыхэткIэ куэдым гу лъыботэ. Ахэрщ къызыдэкIуар нобэрей си гупсысэхэри.

КУЭДРЭ зэхыдох ди щIалэгъуалэр Iей хъуащ, нэмыс яхэлъкъым, я гупсысэхэр кIэщIщ жаIэу. АтIэ девгъэгупсысыт а щIалэгъуалэр апхуэдэу дунейм къызэрытемыхьам, IукIейщIыкIей зыщIам и щхьэусыгъуэхэм. Етыгъуейщ мы упщIэм жэуап.

Махуэ гуэрым анэхэм ящыщ зы школым кърагъэблэгъат, и быныр зэрахуемыджэр, урокхэм зэрыщIэмыхьэр, зэрынэмысыншэр жетIэнщ жари. Анэм и псалъэмакъым седаIуэри, сэ хьэкъыу спхыкIащ а сабийм и щхьэм пщIэ хуищIыжыфу зэрымыпсэунур, гъуэгу захуэ ар тепшэныр школыр зыпэмылъэщынкIэ хъуну Iуэхуу зэрыщытыр.

Хьэуэ, мы зи гугъу сщIы анэр школыр, егъэджакIуэхэр игъэкъуаншэу псэлъауэ аракъым (апхуэдэхэри куэду щыIэщ), хьэмэрэ дэIэпыкъуэгъу мыхъуфынкIэ шэч къытрихьэуи щыткъым. Псалъэ жиIахэри, зэ еплъэгъуэкIэ, псалъэ шэрыуэщ, гъэщIэрэщIащ. Ауэ гупсысэм и кууагъыр къэзыIуатэр псалъэм и жыIэкIэрщ. Гупсысэр псалъэм щыхэмылъым и деж, а псалъэхэм къару лъэпкъ яIэкъым, ахэр хьэуам ехь. Аращ, а гупсысэрщ хэзмыгъуэтар анэм и псалъэхэм. «Еплъ уэ уэсщIэм. Азалыхь дунэхъуам, уэ жэмышу, Iэхъуэу укъэнэнущ», - мы псалъэхэм гупсысэ гуэр къыщагъэхъейуэ пIэрэ сабийм и гум. Ахэр хьэуам хокIуэдэж е сабийм и псэр лэжьыгъэм пэщIегъэкIуэт.

ФIыуэ еджэну и акъылыр пэлъэщыркъым, жэмыш, Iэхъуэ хуэдэхэм и анэр щощтэри, езыми ар и ауан мэхъу. Сыт къэнэжыр - мылажьэрэ IукIей-щIыкIейуэ уэрамым къыдонэ. Къохъу яIи ямыIи зэхалъхьэу еджапIэ нэхъыщхьэ щыщIагъэтIысхьи. МылъкукIэ къащэхуа дипломыр мащIэ дыдэрэщ сэбэп къыщыхъури. Уеблэмэ я цIэ-унэцIэр щыуагъэншэу зыхуэмытхыжу мащIэкъым яхэтыр диплом зиIэхэм. Апхуэдэ щытыкIэм зэран ин къехь къэралым и дежкIи, езы сабийм дежкIи, унагъуэм и мылъку кIуэдам и гугъу умыщIыххэми.

Аркъэм, тутыным дехьэх зыщIэн зымыгъуэт щIалэхэр. УэрамгъэбжьыфIэу, щхьэм имытрэ лэжьыгъэми епэгэкIрэ Iуэхуншэу щыт пщащэхэми уарохьэлIэ. Нобэ ахэр зыми емыкIуу уэрамым дэтщ. Пщэдей абыхэм лъэхъуэщыр е уз зэрыцIалэм щеIэзэ сымаджэщыр къызэранэкIыфмэ, езыхэри адэ-анэ хъунущ. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэхэм я быным халъхьэфыну хьэл-щэныр.

Школым сыт хуэдэ псалъэ щызэхахми, сыт хуэдэ лэжьыгъэ къыбгъэдалъхьэми, зыри къикIынукъым, унагъуэр къыкъуэмытмэ. Гъэсэныгъэм и лъабжьэр унагъуэращ къыщежьэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, а IукIей-щIыкIей адэ-анэхэм я унагъуэм къыщыхъуа, диплом нэпцI къызыхуащэхуу къулыкъури тыгъэу абы зыхутралъхьэжа куэди ди егъэджакIуэхэми, дохутырхэми, къулыкъущIэхэми яхэтщ. Армырауэ пIэрэ ди нобэрей махуэм и мыхъумыщIагъэ куэдым я къежьапIэр?

Дауэ атIэ сабийм узэрелэжьын, ар зэрыбгъэсэн хуейр? Сэ сызэригугъэмкIэ, зы лэжьыгъи хуэбгъэпуд хъунукъым сабийм. КъинэмыщIауэ, къэлъытэн хуейщ ныбжьыщIэм бгъэдэлъ зэфIэкIыр, абы и псэм фIэфIу ищIэфыр, и тэмакъым щIэхуэр зыхуэдизыр. И гум темыхуэ Iуэхум тещIыхьын хуейщ. Апхуэдэу щIэныгъэм ещхьыркъабзэу, IэщIагъэми гу лъегъэтэн хуейщ.

Нэхъыбэрэ сабийм епсэлъылIэн хуейщ ар гъащIэм езыгъэгупсыс Iуэхугъуэхэмкiэ. Сыт цIыхухэм я ауаныр? Сыт пщIэ зыхуащIыр? ЕмыкIу пылъу пIэрэ уи лэжьыгъэкIэ, IэщIагъэкIэ упсэужмэ? Хьэмэрэ къулыкъу къэбгъэсэбэпу ухъунщIакIуэмэ, мылъку фIей зэхуэпхьэсмэ, ар лIыгъэу къэплъытэ хъуну пIэрэ? ЦIыхур сытым игъэдахэрэ? Хэт ещхь ухъуну ухуейт? Сытхэр уи хъуэпсапIэ? Ущие дахэ щептыфыну псалъэмакъхэр гъунэжщ. Вгъэгупсысэ сабийр. ЩIэныгъэ къудей мыхъуу, цIыху дапщэ щыпсэурэ къуажэхэм, къалэм, я лэжьыгъэфIым, я акъыл шэрыуэм, я Iэдэбагъэм къыхэкIыу пщIэрэ щIыхьрэ хуащIу. МымащIэу щыIэщ лэжьакIуэ пашэм къулыкъу лъагэ къыщыхуагъэфащэ. Къохъу адэ-анэм я мылъкукIэ къулыкъу къыхуащэхуар хуземыхьэу бэм зыкъаIэту «шэнтиуэм къытрадзу» цIыхур уэрамым къыщыдэни.

Псори дегупсысыпхъэщ: быныр фIым щапхъэ къытрихыфу, лэжьыгъэм хуэшэрыуэу, цIыхум, Iыхьлым гущIэгъу яхуищIыфу бгъасэмэ, зыми емыхъуапсэу, и пщIэ иIыгъыжу псэуфынущ. Ауэ дуней мылъкур хузэхуэпхьэсами, гупсысэ тэмэм бгъэдумылъхьэмэ, мылъкур уэсэпсу IэщIэкIуэдэнщи, тафэм къытридза бдзэжьейуэ езыри фэри дунейм фыкъытринэнщ. ГъэпцIагъэрэ диплом нэпцIкIэ гъуэгу тебгъэхьа сабийр дауэ пэжыгъэм, цIыхугъэм, акъылым пэгъунэгъу зэрыхъунур?

Дызэдевгъэгупсысыт абыхэм. Зэгъусэу къэдвгъэгъуэтыт хэкIыпIэхэр. Фи Iуэху еплъыкIэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм сащыпоплъэ.

АТЭЛЫКЪ ФатIимэ.

Гъавэ ухуеймэ, уэгъум пэщIэт

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 49-нэ зэхуэсышхуэу Франджым и къалащхьэ Париж 1994 гъэм щригъэкIуэкIам къыщащтащ «Губгъуэхэр имыгъэгъущыкIынымрэ уэгъухэм япэщIэтынымкIэ махуэ» зыфIащар. Ар трагъэхуащ мэкъуагъуэм и 17-м. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым ар гъэлъэпIэн щыщIадзащ ЩIы Хъурейм къэралхэм я нэхъыбэм.

ГУБГЪУЭ шэкъракъхэмрэ уэгъу зыхуэлъэ щIыпIэхэмрэ ди планетэм мы зэманым щымащIэкъым. Абыхэм къызэщIаубыдэ щIы щхьэфэм щыщу процент 46-р, псори зэхэту, цIыху мелардищым щIигъу щыпсэур. А псом я гущIыIужкIи, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2100 гъэм ирихьэлIэу, ди планетэм уэгъур щыятэ и щIыпIэхэр куэдкIэ нэхъыбэж щыхъунущ.

Уэгъухэр зыхуэмылъэ щIыналъэхэм щыпсэухэр егупсысынри хэлъщ губгъуэшэкъракъхэм къыщыхъу тхьэмыщкIагъэхэм хуэдэхэр къалъэIэсын папщIэ иджыри зэман куэдыщэ дэкIын хуейуэ. Ауэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр, иужьрей илъэсхэм къызэрагъэнэIуамкIэ, щхьэгъэпцIэжщ.

И зы щапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщи, Сахарэ къум абрагъуэм Африкэм кIуэ пэтми нэхъри зэрызыщиубгъум къыхэкIыу, ипщэкIэ щыIэ къэрал цIыкIухэр цIыху мелуан 62-м нэблагъэм ябгынащ (2022 гъэм къызэрабжамкIэ). IэпхъуэшэпхъуахэIм, дызэрыщыгъуазэщи, егъэзыпIэу къыхахар а континентым ищхъэрэкIэ щиIэ и щIыналъэхэмрэ Европэмрэщ. Ауэ щыхъукIи, Iэпхъуэшапхъуэ ямылейм къишэ зэщымыщхъуныгъэхэр зыхуэдэми иужьрей илъэсхэм щыхьэт дытехъуэ зэпытщ.

Зи гугъу тщIа зэхуэсышхуэм зэрыщагъэувауэ, ЩIыуэпсымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ министерствэхэм а махуэм Iуэхугъуэ хэхахэр (зэIущIэхэр, дерс щхьэхуэхэр, къинэмыщIхэр) щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ (еджапIэхэмрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ) щрагъэкIуэкIыпхъэщ, губгъуэшэкъракъхэм земыгъэубгъунымрэ уэгъухэм япэщIэтынымкIэ къыкъуэкI лъэпощхьэпохэм щытепсэлъыхьу.

Гъавэ щIапIэхэр, зыри щыхэпщIэ мыхъужу, зэрызэщIэгъущхьэм, хъупIэхэр удзыншэу къызэрынэм хэщIыныгъэу цIыхухэми къэралхэми къахуихьыр къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Уэгъухэм щIыпIэдэлъху лъэпкъхэм ижькIэрэ къадекIуэкIа я хадэ зехьэкIэIэщ зехуэкIэхэм зрагъэхъуэж, дунейпсо экономикэри, зэпIэзэрыт щытыкIэм ирамыгъэтыжу, гугъуехь Iэджэм хадзэ, псом нэхъыщхьэжращи, ерыскъыхэкIхэм я уасэхэр, уапэмылъэщын хуэдизу, драгъэуей.

Псалъэм папщIэ, ди къэралым и щIы щхьэфэм щыщу гектар мин 50-м къыщыщIэдзауэ гектар мини 100-м нэблагъэм уэгъур щIэх-щIэхыурэ ялъэIэс. Апхуэдэщ, Индыл псышхуэм къедза языныкъуэ щIыпIэхэр, Кавказым и пэIущIэр, Байкал хыжьей абрагъуэм къуэкIыпIэмкIэ къедза щIыгур, Къалмыкъыр, Астрахъан щIыналъэр. Къэзэрабжамкlэ, нэхъыбэ дыдэрэ щIыгур щызэщIэгъущхьэ щIыпIэщ Урал псым и IэгъуэблагъэIр, Индыл псым и курыхьмэ ар Каспий хым щIыхэлъэдэжым деж щыIэр. Уэгъуэхэм я зэранкIэ, а Iуэхум телъэжь щIыналъэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Урысей Федерацэм хьэцэпэцэу къыхуехьэлIэжынум гъэ къэс тонн мелуан 24-м нэблагъэ, ику иту, щыкIэрохуу.

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ гуныкъуэгъуэхэм нэхъ япэIэщIэ дыхъун папщIэ, Iэмал нэхъыфIу къэгъэсэбэпыпхъэр щIыгулъыр щыгъущ щIыпIэхэм жыгыщIэхэр нэхъыбэу щыхэсэнырщ. КъызэрекIуэкIыр аращи, абыхэм я лъабжьэм удзыщIэхэми зыкъыщызэщIаIэтэ, псыIагъэми нэхъ зыщызэтраIыгъэ. Дауи, зэрыгурыIуэгъуэщи, уэгъухэр зыхуэлъэ дэнэ щIыгуи апхуэдэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэхэр щебгъэкIуэкIын папщIэ къарууи мылъкууи текIуэдэнур мащIэкъым. Мис а псоми цIыхухэри жылагъуэри ирагъэгупсысын щхьэкIэщ зи гугъу тщIы махуэр щIыхагъэбелджылыкIар.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Сыринэм» и пщащэхэр

Илъэс зыбжанэ ипэ, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондыр я дэІэпыкъуэгъуу къызэрагъэпэща «Сыринэ» щІалэгъуалэ театрыр, фигу къэдгъэкІыжынщи, Тыркум махуипщІкІэ щыІащ. Гупым хэту а къэралым кІуа ныбжьыщІэхэм ящыщщ Быдэ Гуащэхъанрэ Нэзрэн Самирэрэ *(сурэтым)*. **ЗдэщыІар къазэрыщыхъуам, я гум къинэжахэм пщащэхэр тедгъэпсэлъыхьащ.**

● Щалэгъуэ

- СИ адэ-анэр Тыркум къыщалъхуащ, - кърегъажьэ Гуащэхъан. - СыцІыкІуу, си анэ дэлъхухэмрэ дэрэ Хэкум къэдгъэзэжауэ щытащ. Къэралитlми ди благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ щопсэу. Дапщэрэ Тыркум сихьэжами, щыслъагъур сфІэщІэщыгъуэщ. Гупыр абы дашэну щыжаІам хуабжьу сыгуфІат. «Уэ пфІэгъэщІэгъуэн хъуну къыщІэкІынкъым дыздэкІуэр», - къызаІуэкІырт «Сыринэм» къыддыхэт ныбжьыщІэхэм. Сэри яжесІэрт: «Хэкум хуэдэу фІыуэ сымылъагъуми, сытым дежи сфІэфІщ абыкІэ згъэзэныр». ИкІи, ди ежьэгъуэ махуэр къысхуэмыгъэсу, сыпэплъэрт. ЗекІуэр къызэзыгъэпэщу дезышэжьахэм фІыщІэ ин яхузощІ, «зэхэшэ шэбэщ» жыхуиІэраци. Къызэрыслъытэмкlи, ди бзэмрэ хабзэмрэ тщІэжу дыкъэхъун папщІэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр щхьэпэщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, ныбжьыщІэхэр ирагъэблэгъащ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я зэгухьэныгъэу ди бзэр, щэнхабзэр хъумэным, щІалэгъуалэр я тхыдэм щыгъуазэу, къызыхэкІа лъэпкъым иригушхуэу къэгъэхъуным хуэгъэзауэ а къэралым щылажьэ «Хэхэсым и щІэблэ» зыфІаща зэгухьэныгъэм Анкара къыщызэригъэпэща зэхуэсым.

- ДынэсыхункІэ, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зытедгъэуащ зэныбжьэгъухэм. Гупым хэтхэм тфІэфІщ, апхуэдэу зыщІыпІэ дыщашэхэм деж, дымыжейуэ дыджэгуну. Гъуэгур кІыхьми, а Іуэхум псынщІэ къытщещІ. Япэм ди нэхъыжьыфІхэм сытыт я псэлъафэу щытар, зекІуэ щежьэхэм деж? «Гъуэгум пкІэлъей къедзыт», - жаІэртэкъэ?! «Сыринэм» хэтхэм а псэлъафэр ди гъуазэу, дыджэгуу, къуажэхьрэ псалъэжькІэ дызэпеуэу, дынос дыздэкІуэм. Мыри къыхэзгъэщынут. Дыкъэзыухъуреихь дунейм хэслъагъуэ псэ зыІут дэтхэнэри фІыуэ солъагъу, сфІэфІщ зи бзэ мыпсалъэхэм сыт ищІыскІи защІэзгъэкъуэну, сэбэп сахуэхъуну, - къыпещэ Быдэхэ я пхъум.

Мыбы гу лъывэзгъэтэнут: илъэсищ и ныбжьу къашэжа цІыкІур иджы адыгэ театрым хэтыфын хуэдэу и анэдэлъхубзэр зэригъэщІэфащ. Дауи, и адэ-анэрщ ар зи фІыщІэр. «Ди быным адыгэбзэр тхуегъащІэркъым», - жызыІэхэр зыщІэгупсысынумэ, мыр щапхъэ ирокъу.

Гуащэхъан къыджиІахэм дыщІегъу абы и дарэгъу Нэзрэн Самирэ.

- Зыгуэр къызгурыІуэ зэрыхъурэ сыщІэхъуэпсырт хамэ къэралхэм къыщыскІухьыну, зыщысплъыхьыну. Мамэ сыт щыгъуи есІуэкІырт, «нэгъуэщІ щІыналъэхэм сыщыІэнт, зыщысплъыхьынт», жысІэу. Арати, ди гъэсакІуэхэм «Тыркум фытшэнущ» щыжаІа сыхьэтым псэкІэ зыхэсщІащ си нэр къызыхуикІ «лъагапІэхэм» ящыщ зым сызэрыдрашеинур. Ар си дежкІэ гуфІэгъуэшхуэт. Си адэ-анэм си гукъыдэжыр къызэрыздаІыгъынум шэч къытезмыхьэу, унэм сыкІуэжащ, икІи сазэрыщыгугъауэ тІури къысхущІэкІащ. «Сыринэ» театрыр къызэрызэІуахрэ сыхэтщ, абы некІуалІэхэр зы унагъуэм хуэдэу дызэхущытщ, - жеІэ Самирэ.

МахуипщІым трагщІыхьа зэхэзекІуэм ахэр япэщІыкІэ зыхуишар а къэралым и къалащхьэ Анкара дэс ди лъэпкъэгъухэм я дежщ. Налшык икІахэм нэмыщІ, абдежым къыщызэрагъэпэща зэхуэсышхуэм хэтащ Анкара, Истамбыл, Къайсэр къалэхэм, абыхэм къедза адыгэ жылэхэм дэс ди лъэпкъэгъухэм я щІэблэу 250-м щІигъу.

Ди псэлъэгъухэми зэрыжаІауэ, «Сыринэ» щІалэгъуалэ театрым Тыркум и къалащхьэм щигъэлъэгъуащ кърихьэлІахэм гъэщІэгъуэн ящыхъуа, Къаныкъуэ Заринэ «КъежэкІ» зыфІища и пьесэм къытращІыкІа спектаклыр.

- Ди гъэсакІуэ Къанкъул Ислъам фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт. УщиякІуэ къудейкъым, ар икІи ди ныбжьэгъущ, сыт и лъэныкъуэкІи зыкъытщІигъакъуэу, дымыщІэм щыгъуазэ дызэрыхуищІыным яужь итщ. «Зы махуэ уадыгэну сыт и уасэ, сыт хуэдэ лъэпкъми зыфІэдэхэжщ, ауэ ди бзэмрэ хабзэмрэ пэхъун щыІэу си фІэщ хъуркъым», - къыджеІэ Ислъам. Ар, зэман щыдиІэхэм деж, ди нэхъыжьыфІхэм ижьижьыжкІэрэ къадекІуэкІа хьэл-щэн дахэхэм, яхузэфІэкІа Іуэхугъуэфlхэм гупсэхуу къытхутопсэлъыхь, гуемыІугъэ зэрыдмыщІэным, пщІэрэ нэмысрэ тхэлъын зэрыхуейм дыхуиущийуэ. Куэд елъытащ егъэджакІуэм, - къыпещэ и псалъэм Самирэ.

НыбжьыщІитІми зэрыжаІауэ, ди лъэпкъэгъухэм ящыщу Тыркум и щыхьэрми абы и Іэхэлъахэми нэхъыбэу щыпсэур абазэхэхэм, кlэмыргуейхэм, беслъэнейхэм къахэкІахэрщ, нэгъуэщІу жытІэмэ кІахэ адыгэхэрщ. Хэкум куэд щІауэ пэІэщІэ адыгэ-абазэхэр къахуэкІуахэм зэращыгуфІыкІар къызэрыпІуэтэжыфын псалъэ гъуэтыгъуейщ. КъаІущІахэм яхэтт адыгэбзэр мащІэу къызыгурыІуи къызыгурымыІуэххи. Абыхэм Хасэхэр нэхъыбэу къызэрагъэпэщ, бзэр щрагъэдж школхэр яІэщ.

- Ди къежьэжыгъуэр къыщыблагъэм дыхуейтэкъым дыкъэкІуэжыну, ди лъэпкъэгъухэр къэдгъанэу. Абыхэм я псэр ХэкужьымкІэ къызэреІэм дигъэхыщІэрт. Бысым тхуэхъуа Хъадыжэ и нитІым нэпс къытемылъадэу зы псалъи къыжьэдэкІыртэкъым. Ар къэбэрдей адыгэхэм ящыщщ. Ди псэлъэкІэри зэтохуэ. «ДынэкІуэжыну дыхущІокъу, Тхьэм къытхузэпищэмэ», къыджиІат абы. Хъадыжэ хъыджэбзищрэ зы щІалэрэ иІэщ, «Сабийхэм къагурызогъаІуэ ди лъэпкъым къыхэкІа мыхъумэ нэгъуэщІ «тІысэгъу» (псэуэгъу) ямыщІыну», - жеІэ бзылъхугъэм. Езым адыгэбзэр фІыуэ ещІэ, и бынхэми къагуроІуэ, ауэ ирипсалъэркъым. Мы унагъуэм щІыпІэ куэдым дашащ, ди нэгу зыщрагъэужьащ. АбыкІэ щекІуэкІ сыт хуэдэ адыгэ Іуэхуми ахэр жыджэру хэтщ. Махуэ бжыгъэ дызэрыщыІам ди гур апхуэдизу якІэрыпщІати, ахэр димыгъусэу дыкъэкІуэжыну дыхуейтэкъым. Ауэ, ежьэжыгъуэр къыщыблагъэм сыт тщІэнт? Ди нэпсхэр хуэфІу къыщІэуваувэ, бысымхэри дэри дызэбгъэдэкІыжыну дыхуэмейуэ дыкъежьэжащ, - ар щыжиІэжым, езы Самири и нэпсхэм къызэпежыхь.

Тыркум кІуахэр щыІащ а къэралым и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Къайсэр, адыгэ къуажэу 70-м щІигъу зэгъэщІылІам. А щІыпІэм щыпсэухэм я нэхъыбэр къэбэрдей адыгэщи, я зэпсэлъэнымкІи нэхъ тыншт...

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Блий Іэюб дунейпсо чемпионатым и медаль къехь

● Хъыбар гуапэ

Венгрием и къалащхьэ Будапешт къикІыу хъыбар гуапэ къытІэрыхьащ. Мы махуэхэм дзюдомкІэ абы щекІуэкІ дунейпсо чемпионатым Урысей Федерацэм и командэ къыхэхахэм хэту щыбанэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Блий Іэюб ещанэ щыхъуащ икІи ди къэралым япэ медалыр къыхуихьащ.

Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щІалэм домбеякъ медалым щхьэкІэ къеныкъуэкъуащ хэгъэрейхэм я дзюдоист лъэщ Андраси Мартон. Ауэ абы ипэ къихуэу Блийм къызэринэкІащ Нидерландхэм щыщ Яринг Эмилрэ Корее Ипщэм и бэнакІуэ Харим Лимрэ, ауэ иужькІэ франджы бэнакІуэ Валадье-Пикар Ромен къытекІуэри, финал «цІыкІум» кІуэн хуей хъуащ. Абдежым Блийм къыщыпэщІэтащ Монголием икІа Казирбиек Йолкрэ домбеякъ медалыр къызыфІихьа венгр щІалэмрэ.

«ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ, си хьэпшыпхэр щызэщІэскъуэм, си гум ислъхьат, нобэрей махуэм гу щысхуэну, зэхьэзэхуэм фІы фІэкІа нэгъуэщІ хэзмылъэгъуэну. Тхьэшхуэм сыхуэарэзыщ мыпхуэдэ гъащІэ къызэрызитамрэ си гур иджыпсту къызэригуфІыкІымрэ щхьэкІэ. Нобэрей махуэм нэхъ гукъинэжу хэлъыр медалым щхьэкІэ езгъэкІуэкІа зэІущІэр къызэрысхьарщ. Си хьэрхуэрэгъур хэзгъащІэу сыкъэтэджыжа нэужь, зыхэсщІащ медаль сызэриІэр, си спорт гъащІэм щынэхъ ин ехъулІэныгъэ нобэ зэрызэзгъэгъуэтар. Дауи, дыщэр нэхъыфІт, сыкъыщІэкІуари арат, абы щхьэкІи ІэмалыфІхэр сиІат. Ауэ и кІэм нэзмыгъэсауэ сызэгугъужын хуейгуэрхэр щыІэу къыщІэкІынщ. Зэхьэзэхуэ къэс си тхьэкІумэр мэкъутэ, иужькІи е йокІуэ. Дэ жыІэгъуэ цІыкІу диІэщ: бэнакІуэ лъэщым и тхьэкІумэр зэи къутэркъым, жиІэу. Арагъэнщ, домбеякъыр къыщІэсхьар», - яжриІащ журналистхэм Блий Іэюб зэІущІэ нэужьым.

Иджы Будапешт жыжьэ кърихынурэ къыкІэлъыкІуэ и медалыр, Іэюб ар зэрищІ хабзэу, и анэм къыхуихьынущ. Балигъхэм я зэхьэзэхуэм къыщихьа медалхэм ящыщу мыр еянэщ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Блийр УФ-м и чемпион нэгъабэ хъуащ, абы ипэ илъэсхэм дыжьын, домбеякъ медалхэр мызэмытІэу къихьащ. Мы гъэм екІуэкІа Европей чемпионатым етІуанэ увыпІэр щиубыдащ. «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм тІэу щытекІуащ, абыи мызэмытІэу етІуанэ, ещанэ щыхъуащ.

Іэюб дунейпсо классымкІэ спортым и мастерщ, зыщигъасэр Санкт-Петербург и «Дзюдо Турбостроитель» клубырщ, и тренерхэр Волович Данилрэ Станев Евгенийрэщ. Дзюдом лъагъуэ хухэзышари гу хуезыгъэщІари УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Гъэунэ Анзорщ. ЩІалэм и ныбжьыр илъэс 28-рэщ, зэрыжаІэу, и къару илъыгъуэщи, и мурадхэр Тхьэм къыхузэпищэ!

Мудрейуэ, чемпионатыр Будапешт щекІуэкІынущ мэкъуауэгъуэм и 20 пщІондэ. УФ-м и командэ къыхэхар абы щобанэ ДзюдомкІэ дунейпсо федерацэм и нэпым щІэту.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Япэ литературэ альманах

«Черкес хэку» газетым и лэжьакІуэ Дэбагъуэ Хьэтызэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, дунейм къытехьащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щызэхуэхьэса япэ литературэ альманах. Ар зигу къэкІари зэхэзыгъэувари хэгъэгум щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ, хъыбарегъащІэ Іэмалхэмрэ печатымкІэ и министрым и япэ къуэдзэ, КъШР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Хубиев Ислъамщ. Іуэхур диІыгъащ ЩэнхабзэмкІэ министерствэм.

КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ и редакторщ усакІуэ, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, литературэ критик, журналист, Горький А. М. и цІэр зезыхьэ литуратурэ институтым и курсхэр къэзыуха Багъэтыр Шахъризэ.

Альманахым и япэ къыдэкІыгъуэм и чэнджэщэгъухэщ республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и урыс, къэрэшей, адыгэ, абазэ, ногъуей секцэхэм я унафэщІхэу Братковэ Татьянэ, Айбазов СултІан, Абидокъуэ Люсанэ, Шыбзыхъуэ Ларисэ, Капаев Иссэ сымэ.

Тхыгъэ зэхуэхьэсахэр зэрыт тхылъым ихуащ Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хэт, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я ІэдакъэщІэкІхэр. Урысыбзэкlэ дунейм къытехьа альманахым и къалэн нэхъыщхьэщ Къэрэшей-Шэрджэсым и иджырей тхакІуэ-усакІуэхэм щІэджыкІакІуэхэр щыгъэгъуэзэныр.

Альманахым и япэ къыдэкІыгъуэм и щІэджыкІакІуэхэм фІэхъус псалъэкІэ зыхуагъэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Иванов Николайрэ.

- ...Къызыхэкlа лъэпкъми и ныбжьми емылъытауэ, дэтхэнэ щІэджыкІакІуэм дежкІи мы тхылъыр зэрытыгъэ лъапІэр си фІэщ мэхъу. Альманахым ихуащ тхыгъэ зэхуэмыдэхэр - усыгъэм къыщегъэжьауэ прозэм щыщІэкІыжу. ТхакІуэхэм, усакІуэхэм утыкум кърахьэ я гупсысэр, я Іуэху бгъэдыхьэкІэр, къагъэлъагъуэ я хъэтІ щхьэхуэр. Щэнхабзэ зэхуэмыдэхэр Къэрэшей-Шэрджэс лъэпкъыбэм зэрыщызэдэлажьэм лъэкІыныгъэ къыдет урысей литературэм и куупІэм дыхыхьэну, адрей лъэпкъхэм къадекІуэкІ тхыдэ гъэпсыкІэхэр зэдгъэщІэну.

Шэч къытесхьэркъым Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым хэт ди хэкуэгъухэр зыхэлэжьыхьа альманахыр Къэрэшей-Шэрджэсым и литературэм и зыужьыныгъэмкІэ зэрыщхьэпэнум, зи ІэдакъэщІэкІхэр щІэджыкІакІуэ нэхъыбэм я пащхьэ изылъхьэну хуей тхакІуэ ныбжьыщІэхэм ар дэрэжэгъуэм и къигъэхъуапІэрэ гъуэгугъэлъагъуэрэ зэрахуэхъунум, - жиІащ республикэм и УнафэщІым.

- ...Мы къыдэкІыгъуэр егъэлъапІэ республикэм и литературэр плъыфэбэу къызэригъэлъагъуэм. Альманахым и напэкІуэцІхэм къыщыхьащ республикэми Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыцІэрыІуэхэм къинэмыщІауэ, зи цІэр иджыри жыжьэ мыІуа тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я ІэдакъэщІэкІхэр. Къоунэху тхакІуэщІэхэмрэ усакІуэщІэхэмрэ. Ди республикэ хьэщІэгъафІэм щыпсэу тхакІуэхэм яхэтщ урысыбзэкІэ тхэхэр, лъэпкъыбзэкІэ дунейм къытехьа я ІэдакъэщІэкІхэр щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ зэдзэкІауэ къизылъхьэхэр.

Тхылъым и литературэ къалэн нэхъыщхьэм къыдэкІуэу, ар зэхэзыгъэувахэм я пщэ далъхьэж щІалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыныр, лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэныр, лъахэм и тхыдэм цІыху щхьэхуэхэм хуащІа хэлъхьэныгъэхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэныр. ТхакІуэ нэхъыжьхэм щІалэгъуалэм я мурадхэр даІыгъынущ, ахэр ягъэгушхуэнущ. Армырами, Урысейр сыт щыгъуи бейщ цІыху зэчиифІэхэмкІэ, - къыхигъэщащ Иванов Николай.

«Альманахым жэуап зыхь и редактор Багъэтыр Шэхъризэ къызэрызжиІамкІэ, мы лэжьыгъэр дунейм къызэрытехьар ехъулІэныгъэшхуэщ, узыщыгуфІыкІын, узэрыгушхуэн Іуэхущ. Псыежэх иныр псынэ цІыкІум къыщожьэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэми и щІэдзэгъуэм гугъуехь пылъщ. Альманахым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэр тхылъ тедзапІэм щІэтлъхьэн ипэ, тхыгъэхэр къыщыхэтхкІэ, нэхъ ткІийуэ Іуэхум дыбгъэдыхьапхъэщ, сыт и лъэныкъуэкІи тхыгъэфІ, тхыгъэ купщІафІэ щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ итлъхьэну дыхуеймэ. АбыкІэ сэри Шэхъризи акъылэгъу дызэдэхъуащ», - жеІэ Хьэтызэ. АдэкІи пещэ:

- НэгъуэщІкІи зэтехуащ Багъэтырымрэ сэрэ ди Іуэху еплъыкІэр. Ар ехьэлІащ лъэпкъхэм къахэкІа тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр куэду дунейм къызэрытемыхьэм, зэдзэкІакІуэхэр зэрымащІэм, тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэдзэкІыным гугъуехь зэхуэмыдэхэр зэрыпыщІам. ЗэдзэкІакІуэр фІыуэ щыгъуэзэн хуейщ лъэпкъыбзэми ар зипкъ иригъэхьэ урысыбзэми. Армырамэ, зэдзэкІыгъэмрэ ар къызытрищІыкІамрэ я мыхьэнэкІи, я художественнэ гъэпсыкІэкІи зэпэІэщІэ мэхъу.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым (иджы университетым) дыщезыгъэджа профессор Лайпанов Къазий къыджиІэу щытащ: «Гъэхуауэ гупсысэр гъэхуауи мэпсалъэ...» Сэ абы арэзы сызэрытехъуэуи, мыпхуэдэу дыщІызгъужынт: «Гъэхуауэ гупсысэр гъэхуауэ мэпсалъэ икІи матхэ...» Ауэ, ІупщІу гупсысэрэ жьакІуэуи псалъэр апхуэдэ дыдэу къабзэу мытхэфынри хэлъщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, тхэныр сэнаушым, щІэныгъэмрэ гъащІэ зэхэщІыкІымрэ ятещІыхьыжа ІэщІагъэщ. ТхакІуэр Тхьэм и нэфІ зэкІа, абы и «мыхъурыр» зытет цІыхущ», - жеІэ Хьэтызэ.

Мы альманахым тхакІуэ 80-м щІигъум я ІэдакъэщІэкІхэр итщ. Зи тхыгъэ ихуа псоми я цІэр къипІуэну яхуэфащэщ, я зэфІэкІ къалъытауэ Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хэтщи. ФІы дыдэхэри, тэмэмхэри, нэхъыфІамэ ди гуапэ хъунухэри яхэтщ абыхэм, ауэ нэхъыщхьэр альманахым дуней зэрилъэгъуараци, адыгэми и жыІауэ, щэм и щІагъ ухъу!

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

УсакІуэм и гухэлъ щэху

Пушкиным и цІэрыІуагъым апхуэдизкІэ десэжащи, усакІуэм теухуауэ тщІэм щІэуэ зыгуэр къыщыхэхъуэм деж, ар ди нэгум къыщІэзыгъэувэ и «фэеплъымрэ» и цІыхущхьэмрэ зэгуэпхыжыну гугъу мэхъу.

ПУШКИНЫР къыщалъхуа махуэр ди къэралым Урысыбзэм и махуэу щагъэуващ. Абы ирихьэлІэу, гъэ къэс усакІуэ цІэрыІуэм и тхыгъэхэм щыщ гуэрхэр адыгэбзэми къидгъэзагъэ хъунущ, къинэмыщІауэ, езыр нэхъыфІу зэдгъэцІыхунымкІи щхьэусыгъуэфІщ ар.

Мы псалъэхэр жыдэзыгъэІэр Пушкиным и усэхэм я тхыдэр зэрыгъэщІэгъуэнырщ. Псалъэм папщІэ, абы и гъащІэ гъуэгур набдзэгубдзаплъэу зыджахэр зэакъылэгъущ япэ къэсым гукІэ ищІэ «Сэ фІыуэ услъэгъуат» («Я вас любил») усэ цІэрыІуэр Пушкиным зэгуэкІуауэ щыта, лыхь лъэпкъым къыхэкІа Собаньская Каролинэ зэрыхуигъэфэщамкІэ. А зэманым хабзэ хъуауэ, гъуазджэм зрагъэужь папщІэу, цІыхубзхэм хьэщІэщхэр къызэІуахырт, абы тхакІуэхэр, усакІуэхэр, сурэтыщІхэр, политикхэр ирагъэблагъэу. Каролинэ ар и зэштегъэупІэ къудей мыхъуу икІи и лэжьыгъэр щызэфІигъэкІырт, сыту жыпІэмэ, ар къэралым и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ къулыкъущІапІэхэм пщІэкІэ ядэлажьэ тІасхъэщІэхт. ЦІыхубзым хьэл тынш зэримыІар, зи дахагъэр зи бий жыхуаІэхэм ящыщу зэрыщытар гукъэкІыжхэм къыхощыж. Пушкин иужькІэ щхьэгъусэ хуэхъуа Гончаровэ Наталье щызригъэцІыхуар Каролинэ и хьэщІэщырщ. Уеблэмэ усакІуэр фІыуэ зыцІыху гуэрым: «Дауэ? Зыр фІыуэ илъагъуу, адрейр къишэу ара?» - жиІауэ щытащ абы щыгъуэм.

А псом ди Іуэху хэтлъхьэркъым. Ди дежкІэ мыхьэнэ зиІэр усакІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа усэхэр зэрыдахэрщ. Гончаровэр къишэну мурад ищІа нэужьу жаІэ Пушкиным «Сэ фІыуэ услъэгъуащ» усэр щитхар. Ар адыгэ литературэм хэтщ Тхьэгъэзит Зубер зэридзэкІауэ:

* * *

ФІыуэ услъагъут: иджыри ар къухьэжу
Ихужыпауэ гум къыщІэмыкІын.
Ауэ афІэкІ сэ узгъэпІейтеинкъым,
Сыхуейкъым зыкІи сэ усщІын Іэнкун.
Псалъэншэ-гукъеуэншу псэр пхуэмахэт,
КъыптегужьеикІауэ зихузт псэм.
Сэщхьу пхуэІэфІу, и гум ухимыхыу,
НэгъуэщІми фІыуэ уилъагъун ищІ Тхьэм.

Пушкиным и мыгъэрей махуэшхуэм ирихьэлІэу, а усэ дыдэр адыгэбзэм къидгъэзэгъэфмэ, деплъыным дытегушхуащ. АбыкІэ, дауи, Тхьэгъэзит Зубер хуэдэ зэдзэкІакІуэ Іэзэм дыпеуэу аракъым, атІэ ди анэдэлъхубзэм къызыкъуимыхауэ къаруушхуэ зэрыкъуэлъыр иджыри зэ дигу къэдгъэкІыжын папщІэщ:

* * *

Сэ фІыуэ услъэгъуат. МыупщІыІупауэ,
ФІылъагъур си псэм къыхэнами, сщІэрэ?
Ауэ абы уримыгуауэщхьэуэ,
Сыхуейкъым ущІэпІейтеин зыгуэри.
ФІыуэ услъагъут, си гугъэ пхэсхыжауэ,
Адрейхэм уесфыгъулІэу, сыпщыукІытэу.
ЗыкІэ си фІэщт сэ, зыкІэ сыптхьэкъуати,
НэгъуэщІ хьэщыкъ къыпхухъу апхуэдэ дыдэу.

Собаньскэ Каролинэщ Пушкиным «Сыт си цІэм хуэпщІэр» («Что в имени тебе моем») усэри зыхуигъэфэщар:

Сыт си цІэм хуэпщІэр?

Сыт си цІэм хуэпщІэр? Ар хэкІуэдэжынущ,
Хы Іуфэм есыла толъкъун нэщхъейуэ,
Мэз Іувым къыщыІуа жэщ макъым ещхьу,
Зэгуэр ар псоми ящыгъупщэжынущ.
Фэеплъу напэкІуэцІым къыщритхъэр,
Трет абдеж лІэныгъэм и нэпкъыжьэу,
Зыми къыгурымыІуэ бзэкІэ тхыпхъэ
КъыщыхаІущІыкІа нэхъей сын щІыІум.
Сыт хэлъ абы? Уи иджырей гурылъхэм
Зэрыпщагъэгъупщэжрэ куэд щІауэ,
Абы иджы уигу къигъэкІыжыфынкъым
зэхущытыкІэ къабзи, гумащІагъи.
ИтІани, гухэщІыгъуэм ущихь махуэм
КъиІуэ а цІэр, зыми узэхимыхыу,
ЖыІэ нэщхъейуэ: сащыгъупщэжакъым,
Иджыри зыгуэр щыІэщ, и гум силъу.

ЧЭРИМ Мариаиннэ.

● Футбол

ЩІэрыщІэу къыщІыдодзэж

«Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:3 (1:1). Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 14-м. ЦІыхуи 140-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Гарафутдинов, Балдынов, Митцев (псори Москва щыщщ).

«Динамо-2»: Базаев, Акаев, Джабраилов, Шихалиев (Уцумиев, 80), Магомедов С (Алиев Д., 46)., Умаханов (Салимов, 68), Зайнанов (Таштемиров, 80), Гаджиев, Магомедов Р., Будунов, Помешкин (Алиев Р., 80).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КІэдыкІуей, Гъуэгузокъуэ, Хизриев, Жабоев, Далиев (Къумыщ, 85), Блий, Дзыгул, Мэшыкъуэ (Лу, 85), Лысенкэ, Хьэшыр (Шэрджэс, 74).

Топхэр дагъэкІащ: Помешкиным, 2 (1:0), Хьэшырым, 12 (1:1). Хьэшырым, 58-пенальтикІэ (1:2). Будуовым, 90-пенальтикІэ (2:2). Блийм, 90+4 (2:3).

Дагъуэ къыхуащІащ: Жабоевым, Джабраиловым, Гаджиевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ етІуанэ къекІуэкІыгъуэм щыщІидзащ. Япэр кІуэцІрызыгъэхуа «Спартак-Налшыкым» ар щригъэжьащ нэгъабэ и шыщхьэуІу (август) мазэм иужь дыдэу щытекІуа икІи абы лъандэрэ иригъэкІуэкІа зэІущІэ 24-м ящыщу 20-рэ къыщыхагъэщІа Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м и деж. Ди щІалэхэри зыхэт гупым щынэхъ хуэмыхухэм ящыщт икІи иужь джэгугъуийм щытекІуэфатэкъым, абыхэм ящыщу иужьитхум я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хамыгъэщІэфауэ.

Дагъыстэным и къалащхьэм щызэхэтар темыкІуэфхэм я зэІущІэу къэплъытэ хъунт. ЗэпэщІэувахэм я гъуащхьауэхэри гъуащхьэхъумэхэри зыхэт гупым щынэхъыкІэ дыдэхэт. Апхуэдэу щыт пэтми, джэгум и пэщІэдзэм дыкъигъэуІэбжьащ. ЕтІуанэ дакъикъэр екІуэкІыу арат «Динамо-2»-м и гъуащхьауэ Помешкиным бжыгъэр къыщызэІуихам.

Апхуэдэ щІэщхъум «Спартак-Налшыкым» и лъэр щІигъэхуфынут. АрщхьэкІэ мыгувэу абы зыкъыщІигъэкъуащ... мэхъэчкъалэдэсхэм я гъуащхьэтет щІалэщІэм. Хьэшыр Алан жыжьэу щыту къиутІыпща топыр Базаев Батрэз хуэгъэІурыщІакъым икІи езым и ІэкІэ гъуэм дидзэжащ - 1:1.

АдэкІэ налшыкдэсхэм я гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ, ауэ я ебгъэрыкІуэныгъэхэм зыкъомрэ фейдэ къахуихьакъым. Загъэпсэхуу къихьэжа иужькІэщ ахэр япэ щищар. Зыкъом щІауэ къыхэмыжаныкІыф Хьэшыр Алан етІуанэ топри хэгъэрейхэм яхудигъэкІащ, иджы метр пщыкІузым и деж щыту.

Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыр къыщыхъуар джэгум къыщІагъуа дакъикъэхэращ. ЯпэщІыкІэ «Динамо-2»-м пенальтикІэ бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ икІи Іуэхур зэрытемыгъэкІуэныгъэм хуэкІуауэ къыпщыхъурт. АрщхьэкІэ иужь дыдэ секундхэм налшыкдэсхэм очкоищыр зыІэрагъэхьащ, Блий Елдар щхьэкІэ дигъэкІа топ дахэм и фІыгъэкІэ.

Арати, зыкъом щІауэ дызыпэплъа текІуэныгъэр «Спартак-Налшыкым» къихьащ. Пэжщ, ар зэфІэкІар псом нэхърэ гупым щынэхълъэрымыхь икІи зэхьэзэхуэм и иужь дыдэ увыпІэм щытращ. Абы щхьэкІэ къэмынэу дыщыгугъынщ ар щІэдзапІэ угъурлы хуэхъуну икІи дяпэкІэ и Іуэхум фІыкІэ зихъуэжыну.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекІуэкІа зэІущІэ псоми къарикІуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ: **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) - **2:3**, **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:1**, **«Рубин»** (Ялтэ) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **0:1**, **«Нарт»** (Черкесск) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **1:2**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Сочи-2»** (Сочэ) - **3:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Кубань Холдинг»** (Павловскэ) - **3:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Мэкъуауэгъуэм и 21-м абы кърихьэблэгъэнущ Хасавьюрт и «Победа»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ростов-2»	**14**	**9**	**3**	**2**	**24-12**	**30**
2. «Динамо Ставрополь»	**14**	**9**	**3**	**2**	**24-15**	**30**
3. «Кубань Холдинг»	**14**	**7**	**5**	**2**	**27-15**	**26**
4. «Победа»	**14**	**8**	**1**	**5**	**20-16**	**25**
5. «Севастополь»	**14**	**6**	**5**	**3**	**22-21**	**23**
6. «Рубин»	**14**	**6**	**3**	**5**	**15-14**	**21**
7. «Астрахань»	14	5	5	4	20-14	20
8. «Дружба»	14	5	4	5	23-17	19
9. «Сочи-2»	14	5	4	5	19-15	19
10. «Легион»	14	5	4	5	15-17	19
11. «Нарт»	14	4	4	6	12-14	16
12. «Спартак-Налшык»	**14**	**3**	**3**	**8**	**13-23**	**12**
13. «Ангушт»	14	1	4	8	9-22	7
14 «Динамо-2»	14	0	2	12	8-36	2

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаиннэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1277
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **ПхытІыкІ Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.